ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ЛІТЕРАТУРЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№№37-38 (22.696) • 2014 гъэм мазаем (февралым) и 28, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 6-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Кіуэкіуэ Юрий зи щхьэ Іуэхукіэ къекіуэліа зи чэзу ціыху гупым яхуэзащ

Гъэзэщіакіуэ властым и органхэм, щіыпіэ унафэр зезыгъакіуэ органхэм ящыщу зыхуэфащэхэм я пщэ иралъхьащ къэлъэІуахэм ящыщ дэтхэнэми зы тхьэмахуэ піалъэм къриубыдэу ядэІэпыкъуну

КъБР-м и унафэщІым и деж а махуэм къэкІуэщ Бахьсэн, Іуащхьэмахуэ, Шэджэм, Дзэлыкъуэ, Щэрдж районхэм. Прохладнэ кьалэм щыщ цІыхухэр.

АХЭР зыщІэлъэІуахэм ящыщу сабий куэд зэрыс унагъуэхэм защІэгъэкъуэныр, сымаджэгъэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыбкІэ щызэзыгъэІэзэн хуейхэм ядэІэпыкъуныр, псэупІэ зэкІэлъыкІуэр зэгъэпэщыжыныр, нэгъуэщІхэри.

Гъэзэщіакіуэ властым и органхэм, щіыпіэ унафэр зезыгъакіуэ Інатіэхэм ящыщу зыхуэфащэхэм я пщэ иралъхьащ къэлъэІуахэм ящыщ дэтхэнэми зы тхьэмахуэ піалъэм къриубыдэу ядэІэпыкъуну.

КъБР-м и Інтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэщыщІэхэм сом мелуани 173-м щІигъукІэ зыкъыщІагъэкъуэнущ

УФ-м Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ Іэ щІадзащ Мэкъумэщ хозяйствэм зегъэужьынымкІэ кІэрал программэм хиубыдэу 2014 гъэм КъБР-м и бюджетым федеральнэ субсидиехэр кьыхуэтІыщынымрэ теухуауэ.

А ЗЭГУРЫУЭНЫГЪЭМ ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэщыщІэхэм яп дэІэпыкъуныгъэу федеральнэ ахьшэу сом мелуани 173,7-рэ кьратынущ. Ар мэкъумэщ Інатіэм и унэтІыныгъэу 8-м екъэлІауэ кьагъэсэбэпынущ. Апхуэдэхэм ящыщщ дэтхэнэми кьигъэсэбэп щІы гектар бжыгъэм тещІыхьауэ ахьшэ пІуныкІэ етыныр, гъавэ гъэкІыным, Іэщ гъэхъуным зрагъэужьын папщІэ пІалъэ кІэщкІэ яппыныжьыну кредитхэр яхуэхъныр, Іэщ лъэпкьыІ, лышхуэ зыщІ былым лъэпкьыІ зыгъэхъухэм ядэІэпыкъуныр, мэл, бжэн зыгъэхъухэм я Інатіэм зегъэужьыным трагъэкІуадэ ахьшэм щыщ Іыхьэ яхуэпшынысыныр.

САМЧЕНКО Светланэ,
КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэ екІуэкІащ.

ДЕПУТАТХЭР тепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ кьуанщагъэхэмкІэ и кодексым эхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэным теухуауэ» КъБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм эзхилъхьа законопроектым. Ар зыкъэунэтІар а мурадым хухимыха щІыпІэхэм сату щІызыщІэм яхь жэуапыр гъэткІинырщ. Министерствэм иригъэкІуэкІа кьэпщытэныгъэхэм кьызэрагъэлъэгъуамкІэ, апхуэдэ кьуанщагъэ зыпхъэкъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щытралъхьэ тезырыр адрей субъектхэм елытауэ мащІэ дыдэщ.

Мы зэманым КъБР-м Административнэ кьуанщагъэхэмкІэ и кодексым и 7-1.6-нэ статьям ипкъ иткІэ, КъБР-м и кьалэхэмрэ адрей жылагъуэхэмрэ я уэрамхэм, утхэм, щІанТІэхэм, унэ щІыхьэпІэхэм, нэгъуэщІ щІыпІэу сату щащІыну хухамыхахэм эхэпшыпхэр, ерыскьыпхъэхэр ящашІэуэрэ (ирахьэлІэуэрэ) эзращэн папщІэ цІыху щхьэхуэхэм сом щищым щегъэжьауэ сом миным нэскІэ, кьулыкъу зыІыгъ цІыхухэм сом миным щегъэжьауэ сом минитІым нэскІэ, Іуэхущіапіэхэм сом минитхэм щегъэжьауэ сом минищІым нэскІэ йоткъжьу. Ауэ, псальэм папщІэ, Кострома областым апхуэдэ кьуанщагъэхэр щызылъжьхэм сом миницым, сом миницым, сом миницым нэскІэ щоткъжьку.

- Хабзэм кьемызэгъыу сату щащІ, санитариемкІэ хабзэхэмрэ мардэхэмрэ кьыщыІэпуад, гъуэгум шынагъуэнщэу щызекІуэнымкІэ хабзэхэр щамыгъэзащІэ кьамыгъэхъун, щхьэкІуэхэм я хуитыныгъэхэр кьызэрагъэпэщын, апхуэдэу республикІэм и муниципальнэ районэхэмрэ кьалэ округхэмрэ я бюджетхэм кьизэрыкьэ ахьшэр нэхьыбэ ящын папщІэ Административнэ кьуанщагъэхэмкІэ кодексым зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэу кьыщемызэгъ щІыпІэхэм сату щызыщІхэм тралъхьэ тезырым хагъэхъуэн хуейуэ кьыдолытэ, - жиІащ Парламентым и депутат Несуголов Виктор.

Мы законопроектым дэтхэнэми щыгъуазэ ящыщыІыфынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм и официальнэ сайтым.

Президиумым и унафэкІэ зэлъэкьыныхэм хагъэхьащ «Спартак-Налшык» профессиональнэ футбол клуб» акционер зэгухэзыныгъэ зэІухэм и акцэхэм ящыщ Іыхьэ КъБР-м и кьэрал мылькуу кьэщэхуным арэзы техьэун папщІэ КъБР-м и Правительствэм Парламентым зэрызыкьыхуигъэзар. БюджетымкІэ, налогхэмрэ финансхэмкІэ комитетым и унафэщІым и кьуэдзэ Шавраев Ильяс депутатхэр щыгъуазэ ищІащ «Акционер зэгухэзыныгъэхэм я Іуэхукіэ, Федеральнэ законым ипкъ иткІэ акцэхэм зи чэзу я Іыхьэ хагуашэу клубым и устав мылькур нэхьыбэ ящыну акционерхэм я зэІущІэм унафэ кьызэрагъэтам. Абы кьыхэкІыу «Спартак-Налшык» ПФК» акционер зэгухэзыныгъэ зэІухэм и акцэу хагуашэхэм ящыщу КъБР-м и кьэрал мылькуу акцэу 61000-рэ дэтхэнэри сому 100-кІэ кьащэхуну кьылъхьэ.

Зэ Іущ Іэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ Краснаярск крайм и Хабзэубзыку Зэхуэсым, Осетие Ищхьэрэ-Алание Республикэм и Парламентым, Саха (Якутие) Республикэм и Кьэрал Зэхуэсым (Ил Тумэн) хабзэ мардэ щхьэхуэхэр кьыдэгъэкІыным теухуауэ кьыхальхьа жэрдэм зыбжанэм, апхуэдэу Астрахань областым и Думэм и депутатхэм Транспортым и Інатіэм кІэльыпльыныгъэ щегъэжьІуэкІыныжкІэ федеральнэ кьулыкъущІапІэмрэ Урысей Федерацэм Юстицэмкіэ министерствэмрэ зэрызахуигъазэм.

Президиумым и унафэкІэ КъБР-м и Парламентым и щІыхь тхылъыр иратащ «ВТБ 24 Банк» акционер зэгухэзыныгъэ зэхуэщІам и Іуэхущіапіэмрэ №2351-м щІыхуэ эратхэр кьэзэпщІыта и гупым и эксперт Былымгъуэт Ильсам, «Кьалэ поликлиникэ №5» узынщагъэр хьумэнымкІэ бюджет Іуэхущіапіэм тераплемкІэ и кьудамэм и унафэщІ Матаева Ася, Тэрч кьалэ жылагъуэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ и советым и тхьэмадэ, Тэрч муниципальнэ районым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ и советым и депутат, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Тэрч район кьудамэм и исполкомым и унафэщІ Сокумыщ Арсен сымэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущіапіэ.

• КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Сатум и хабзэхэр къызэпызыудхэм нэхъ ткІийуэ ябгъэдыхьэнущ

Урысейм и Дзэ унафэщІ нэхъыщхьэ икІи Президент Путин Владимир ЗыкъуэмэжыныгъэмкІэ и министерствэм хуигъэуващ Къухьэпіэ, Курыт дзэ округхэм я кьілінхэм зэрыкуэхьэзырыр икІэщІыпІэкІэ кьипщытэну.

Путиным и унафэр гъэзэщІэным хэтщ зауэлІ мини 150-м нэблагъэ. Абы-хэм я гъусэщ кхъухьлъатэ 90-м, вертолети 120-м щІигъу, танк 880-м нэс, нэгъэщІ техникэ зэмылІэужьыгъуэу 1200-рэ, кхъух 80 хуэдиз.

УФ-м зыхъумэжыныгъэмкІэ и министр Шойгу Сергей и псальэхэм ятепщІыхьмэ, къэпщытэныгъэхэр зыкІи пыщІакъым Украинэм щекІуэкІ политикэ Іуэхуэхэм.

- Арцыхькіэ нэгъуэщІ къэралхэм кьыщыдэкІ гъаз зыбжанэм ятх зыгъэсэныгъэ Іуэхуэхэр Кърымым щытыкІэр зэрызэщІэплъэм и жэуапу.

Нэгъуэщі къэралхэм щагъэхьэзыр

Урысейм и Следственнэ комитетым и Інтащхьэ Бастрыкин Александр жиІащ бийхэм Кавказ Ищхьэрэм къагъэсэбэпырэ, Урысейм къыхуэгъэзэа террорист щІэпхьаджагъэхэр ягъэхьэзыру.

Абы щІигъужащ езыр зи унафэщІ комитетымрэ адрей къаруэхьэ Іуэхущіапіэхэмрэ Кавказ Ищхьэрэм терроризмэм егъэщІылІа бэнэныгъэм ехъулІэныгъэ кьызэрыщащхьар. Апхуэдэ щІэпхьаджагъэхэм ятеухуа уголовнэ Іуэхуэхэм я нэхъыбэр (300-м щыщу 200-р) судым нагъэсащ.

Зы илъэсым кьриубыдэу Урысейм террорист щІэпхьаджагъэхэу 31-рэ щалэжьауэ ятхащ.

Хэт ар къыпхуэзыдэнур?

Обь къалэм (Новосибирск областым) и судым мазаем и 27-м зэхуэщІыжащ Челябинск областым и вице-губернатору щытта Третьяков Андрей теухуауэ уголовнэ Іуэхуэр.

Ар ягъэкъуанщэрт Красноярск кьикІыу Москва кьакІуэ къуэхьлъатэм и лэжьакІуэр зэриубгъэжьамкІэ. Зи суд ящІэр хуит ящІыжащ лъэныкъуэхэр зэрызэкІуэкам кьыхэкІыу.

ЗэрыжаІэмкІэ дрипсоримм иубгъэжьам сом мелуанрэ мин 25-рэ иритащ, абы кьыдэкІуэуи кхъухьлъатэр ІэмалышагъэкІэ ягъэтІысын хуей зэрыхъуам кьыхэкІыу, «Сыбыр» авиакомпанием сом мин 266-рэ хуипшынащ.

НОБЭ

♦ **Куэдрэ узримыхьэлІэ узыфэ зыпкъырытхэм я мафхуэ**

♦ **Калевалэ и мафхуэ**. 1978 гъэ льандзрэ ягъэлъапІэ карел-фин эпосым хэт пІыхьыжьхэм я щІыхькІэ.

♦ Илъэс 40 и пэкІэ (1974) СССР-м тенджыз флотымкІэ и министрым унафэ кьыдигъэкІащ хьэ Хуэмым и Іуфэм «Къуэкіыпіэ» кхъухь тедзапІэр щыуухуэным теухуауэ.

♦ 1929 гъэм кьалъхуащ урысей философ, СССР-м и Кьэрал саугъэтхэм и лауреат **Толстых Валентин**.

♦ Илъэс 75-рэ и пэкІэ (1939) кьалъхуащ цирк и артисткэ, нэщщыпхъуэщІ, УФ-м и цІыхубз артисткэ **Изотова Альбинэ**.

Дунейм и щытыкІэнур:

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэритымкІэ, Налшык пшагъуэу щытынущ, уэшх мащІэ кьыщешынущ. Махуэм хуабэр градусиз 4, жэщым градус 0 щыІэнущ.

Зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэд.

Дунейм щыкъыбархэр

Бэлэрыгъ хъунукъым

Урысейм и Дзэ унафэщІ нэхъыщхьэ икІи Президент Путин Владимир ЗыкъуэмэжыныгъэмкІэ и министерствэм хуигъэуващ Къухьэпіэ, Курыт дзэ округхэм я кьілінхэм зэрыкуэхьэзырыр икІэщІыпІэкІэ кьипщытэну.

Путиным и унафэр гъэзэщІэным хэтщ зауэлІ мини 150-м нэблагъэ. Абы-хэм я гъусэщ кхъухьлъатэ 90-м, вертолети 120-м щІигъу, танк 880-м нэс, нэгъэщІ техникэ зэмылІэужьыгъуэу 1200-рэ, кхъух 80 хуэдиз.

УФ-м зыхъумэжыныгъэмкІэ и министр Шойгу Сергей и псальэхэм ятепщІыхьмэ, къэпщытэныгъэхэр зыкІи пыщІакъым Украинэм щекІуэкІ политикэ Іуэхуэхэм.

- Арцыхькіэ нэгъуэщІ къэралхэм кьыщыдэкІ гъаз зыбжанэм ятх зыгъэсэныгъэ Іуэхуэхэр Кърымым щытыкІэр зэрызэщІэплъэм и жэуапу.

Нэгъуэщі къэралхэм щагъэхьэзыр

Урысейм и Следственнэ комитетым и Інтащхьэ Бастрыкин Александр жиІащ бийхэм Кавказ Ищхьэрэм къагъэсэбэпырэ, Урысейм къыхуэгъэзэа террорист щІэпхьаджагъэхэр ягъэхьэзыру.

Абы щІигъужащ езыр зи унафэщІ комитетымрэ адрей къаруэхьэ Іуэхущіапіэхэмрэ Кавказ Ищхьэрэм терроризмэм егъэщІылІа бэнэныгъэм ехъулІэныгъэ кьызэрыщащхьар. Апхуэдэ щІэпхьаджагъэхэм ятеухуа уголовнэ Іуэхуэхэм я нэхъыбэр (300-м щыщу 200-р) судым нагъэсащ.

Зы илъэсым кьриубыдэу Урысейм террорист щІэпхьаджагъэхэу 31-рэ щалэжьауэ ятхащ.

Хэт ар къыпхуэзыдэнур?

Обь къалэм (Новосибирск областым) и судым мазаем и 27-м зэхуэщІыжащ Челябинск областым и вице-губернатору щытта Третьяков Андрей теухуауэ уголовнэ Іуэхуэр.

Ар ягъэкъуанщэрт Красноярск кьикІыу Москва кьакІуэ къуэхьлъатэм и лэжьакІуэр зэриубгъэжьамкІэ. Зи суд ящІэр хуит ящІыжащ лъэныкъуэхэр зэрызэкІуэкам кьыхэкІыу.

ЗэрыжаІэмкІэ дрипсоримм иубгъэжьам сом мелуанрэ мин 25-рэ иритащ, абы кьыдэкІуэуи кхъухьлъатэр ІэмалышагъэкІэ ягъэтІысын хуей зэрыхъуам кьыхэкІыу, «Сыбыр» авиакомпанием сом мин 266-рэ хуипшынащ.

НОБЭ

♦ **Куэдрэ узримыхьэлІэ узыфэ зыпкъырытхэм я мафхуэ**

♦ **Калевалэ и мафхуэ**. 1978 гъэ льандзрэ ягъэлъапІэ карел-фин эпосым хэт пІыхьыжьхэм я щІыхькІэ.

♦ Илъэс 40 и пэкІэ (1974) СССР-м тенджыз флотымкІэ и министрым унафэ кьыдигъэкІащ хьэ Хуэмым и Іуфэм «Къуэкіыпіэ» кхъухь тедзапІэр щыуухуэным теухуауэ.

♦ 1929 гъэм кьалъхуащ урысей философ, СССР-м и Кьэрал саугъэтхэм и лауреат **Толстых Валентин**.

♦ Илъэс 75-рэ и пэкІэ (1939) кьалъхуащ цирк и артисткэ, нэщщыпхъуэщІ, УФ-м и цІыхубз артисткэ **Изотова Альбинэ**.

Дунейм и щытыкІэнур:

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэритымкІэ, Налшык пшагъуэу щытынущ, уэшх мащІэ кьыщешынущ. Махуэм хуабэр градусиз 4, жэщым градус 0 щыІэнущ.

Зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэд.

Лъэпкъ Іуащіагъэ:

Кьуаумылэжьар гъэкІуэдыгъуафІэщ.

Накуэ Мурат и фэеплъ

Зи кьалэн зыгъэзащІэу хэкІуэда полицэм и лейтенант нэхъыжь Накуэ Мурат и фэеплъ мемориал пхъэбгъу ар щежа Налшык кьалэ дэт гимназие №29-м кьыщызэІуахащ.

ФИГУ кьэдгъэкІыжьыщи, Накуэ Мурат 2012 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м Налшык Ватутиным и уэрамым бзаджащІэхэр Іэщэкіэ щытеуащ. Зи кьаруилъыгъуэ, мурадхэр зи куэд щІалэм и гъащІэ кьызэпыудащ.

КъБР-мкІэ МВД-м щыхьэтхэм я кьэрал хьумэныгъэмкІэ и кьудамэм и кьэльысхьуэныгъэ частым и ОВД-м и оперуполномоченнэ полицэм и лейтенант нэхъыжь Накуэ Мурат 1984 гъэм гъатхэпэм и 13-м кьалъхуащ. Мэзкуу дэт кьэрал техникэ институтыр кьиухащ. Кьэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ Інатіэм 2008 гъэм лэжьэн щыщІдзащ. Офицер щІалэщІэм сыт хуэдэ щытыкІэ гугъуэми лыгъэ зыхъэпь, зи Іэщагъэм хэзыщыкІ цІыху нэсу зыкьщигъэльэгъуащ.

Фэеплъыр кьыщызэІуахым хэтащ кьэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру КъБР-м щыІэ полицэм и генерал-лейтенант **Васильев Сергей**, Налшык кьалэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Кьуэдзокьуэ Мухьэмэд**, «Уи унэм - мамырыгъэ» жылагъуэ зэгухэзныгъэм и кьызэгъэпэщакІуэ икІи и тхьэмадэ **Шыбзыхьуэ Сафудин**, Кьэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэм и кьудамэхэмрэ Інатіэхэмрэ я лэжьакІуэхэр, Мурат и Іыхьлыхэр, кьыдэлэжьахьэмрэ и ныбжьэгъуэхэмрэ.

- Кьэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органхэм я лэжьакІуэхэр хабзэм ебэкьуаехэм, щІэпхьаджащІэхэм сыт щыгъуи япэу япэщІэувэ щыІэхэм кьызэрагъэпэщащІэу икІи и тхьэмадэ **Шыбзыхьуэ Сафудин**, Кьэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм и кьудамэхэмрэ Інатіэхэмрэ я лэжьакІуэхэр, Мурат и Іыхьлыхэр, кьыдэлэжьахьэмрэ и ныбжьэгъуэхэмрэ.

- Кьэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органхэм я лэжьакІуэхэр хабзэм ебэкьуаехэм, щІэпхьаджащІэхэм сыт щыгъуи япэу япэщІэувэ щыІэхэм кьызэрагъэпэщащІэу икІи и тхьэмадэ **Шыбзыхьуэ Сафудин**, Кьэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм и кьудамэхэмрэ Інатіэхэмрэ я лэжьакІуэхэр, Мурат и Іыхьлыхэр, кьыдэлэжьахьэмрэ и ныбжьэгъуэхэмрэ.

Гимназием и унафэщІ, КъБР-м и Парламентым и депутат Смирновэ Татьянэ я школым щеджа Накуэ Мурат дэтхэнэм и дежкІи щагъэхъуэ зэрыщытыр жиІащ. Кьыхигъэщащ ар сыт щыгъуи пэрыту, зэфІэкІ иІэу, гъэсэныгъэ зыхэль щІалэу гуапэхэри жужаІащ.

«Дэ Мурат сыт щыгъуи тщыгъуащ, ар зэи тщыгъупщэнукьым», - жиІащ абы.

Зи кьалэн зыгъэзащІэу хэкІуэда полицейм и фэеплъым пщІэ хуащу, я гум щыщІэр усэхэмкІэ утыку кьрахьащ гимназием и еджакІуэ щыкІухэм.

Накуэ Мурат кьыдэлэжьахэми и ныбжьэгъуэхэми ягу кьагъэкІыжащ щалэу гуапэхэри жужаІащ.

- Муратрэ сэрэ мы школым щыщІэздеджащ. Ар си дежкІэ ныбжьэгъу кьудейтэкъым, атІэ гъащІэм и фым сыхуэзэщиІт, сыт хуэдэ щытыкІэ сыкьыхутами, си щІэгъэкъуэнт. Ныбжьэгъу дыдэхуэдэми, Мурат си гъэджакІуэу щытащ, жысІэкІи егъэлеинныгъэкъым,- кьыхигъэщащ Накуэм и классэгъуэ Бозиев Зураб.

Унагъуэм, лъэпкъым кьабгъэдэкІыу и щІалэгъуэу зэригъэзащІэм, и гъащІэмкІэ шынагъуэ зыпылъ Іуэхугъуэхэм кьыщыдэкъуиха хахуагъэмрэ лІыгъэмрэ папщІэ Накуэ Мурат Олег и кьуэм ІыгъэмІ и орден кьыхуагъэфэщащ (дунейм ехьыжауэ).

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Сурэтхэр **Тикаевэ ФатІимэ** *трихащ.*

• Тэрч щІыналъэ

Я нэкІэ зрагъэлъагъу

2014 гъэр щэнхабзэм и илъэсщ. Абы япэу фыкІэ пэджэжахэм ящыщщ Джылахьстэнейр: район администрацэм кьызэригъэпэщащ комиссэм жылагъуэхэр кьызэхаІухьащ икІи я нэкІэ зрагъэлъагъуащ клубхэм, щэнхабзэмкІэ унэхэм, библиотекхэм яІэ щытыкІэмрэ зыхуэныкъуэхэмрэ.

ТЭРЧ щІыналъэм арыншами гулъытэшхуэ щэнхабзэм щыхуащІу кьокІуэкІ. Жылагъуэ клубхэмрэ ДК-хэмрэ яхэтщ ремонт лэжьыгъэ пыхьыкІаэр кьыщыраХьэлІахэрэ, зи унащхьэр зыхуэят хуаГъэзахэрэ, Іэмэпсымэхэмкіэ зыдэЗэпыкъуэхэрэ.

Библиотекэ лэжьакІуэхэри зэрахуэфІэкІкІэ йогугъу ньбэкІэ яІэ гъэтІылъыгъэхэр кьызэрагъэщІэрэщІэжьныгъэ мы зэманым щІэупщІэ зиІэ тхьэпэр щІэдзыкІакІуэхэм зэрыІэрагъэхьэныгъэр. Арщхьэкіэ, сыт хуэдизу Іуэхум унафэщІхэм я нэІэ тетми, зэхуэныхъуныгъэхэр мащІжьыным.

Район администрацэм и унафэщІым и кьуэдзэ Кіэрэф Мурадин щыгъуазэ дыдэрищІамкІэ, къэпщытакІуэ гупым хэтхэм мыбэлэрыгъыу я кьаІэн кьрахьалІэнущ икІи мы Іуэхумкіэ сэбэпышхуэ хъунущ щэнхабзэмкІэ Інатіэхэм я Іуэху щытыкІэр я нэкІэ зэрызрагъэпэгъуар.

ШЭРЭДЖ Днсэ.

• Промышленность

ЦІыхухэр ягъэмащІэ

Ди республикэм и мызакъуэу, Урысейми увыпІэ щхьэхуэ щызыубыд «Кавказкабель» заводым зэлъыжьыхьым нэхъ хуэзэу производствэмкІэ и Інатіэ №2-р щызэхэщІынущ. Апхуэдэ хъыбар кьыдигъэщІащ заводым и унафэщІым и япэ кьуэдзэ Якушенкэ Виктор.

КЪАПЩТЭМЭ, 2012 гъэм кьриубыдэу мы Іуэхущіапіэм продукцэу сом мелярди 5-м щІигъу кьыщІигъэкІащ. Арщхьэкіэ ныкъуэкІуэ ильъэсым апхуэдэ зэфІэкІыр зыхэпщІэу кьелъэхъшэхащ. Абы кьыхэкІыу я лэжьакІуэхэр щІыху 30-кІэ ягъэмэщІащ.

«Кавказкабель» кабель завод ЗАО-м мы зэманым ирихьэлІэу цІыху 1100-рэ щолажьэ. ЗэхуащІын хуейуэ щыт производствэ №2-м щІыху 67-рэ щыІэщ. Абыхэм ящыщу 18-р Іуагъэкъуэнущ, адрей кьанэр Інатіэ №1, №3-хэм трагъэшэнущ.

ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, цІыхухэр ягъэмэщІа нэхъуэкъ, лэжьыгъэм нэхъ зыкьиІэтыхьынущ, улахуэми хэхъуэнущ. «Кавказкабель»-м и лэжьакІуэхэм ику иту нобэ кьахь сом 19500-рэ. Зэрытраухуам хуэдэу Іуэхур кьызэрагъэпэщмэ, лэжьапщІэм процент 15 - 20-кІэ хагъэхъуэну Іэмал зэрыгъэтынущ.

ШЭРЭДЖ Днсэ.

Спортым екъэлІа ухуэныгъэхэм кьахэхъуэ зэпыщІ. «2008 - 2015 гъэхэм кьриубыдэу зегъэужьынымкІэ зегъэужьынымкІэ урысейпсо программэм ипкъ иткІэ, топ дзэгупІэ Іэрыщ нэхъыбэ щауха щІынальнэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр.

МИС аргуэриу Май кьалэм дэт спорт комплексым и гупэкІэ иджыблагъэ кьыщыІэуахащ мини-футболымкІэ губгъуэ. Абы текІуэда кьыращ кьэрал бюджетым кьыхэкІащ.

Май район администрацэм щІалэгъуалэ Іуэхуэхэмрэ спортымкІэ и кьудамэм и Іэщ Іагъэдэ нэхъыщхьэ Морозов Михаил щыгъуазэ дыдэрищІамкІэ, Іуэхум сом 1 мелуаным щІигъу трагъэкІуэдащ.

Джэгупіэ губгъуэхэм кьахохъуэ

Ухуэныгъэ пкъыгъуэхэм я кьешІэІэнымрэ ахэр ильхьэныкІэ, губгъуэр кьызэрагъэзыхьыну пкъыгъуэхэр гъэхъуэзырыныкІэ кьаДэІэпыкъуащ «Гъуэгу-бетон пкъыгъуэхэмкІэ Май завод», «Гъуэгуфуэ управленэ №2» ООО-хэр.

Районым и топджэгуэхэм уэсыр текІыу, хуабэ кІапэ кьызэрыхъурэ я Іуэтыжщ.

ЛЬОСТЭН Музэ.

• Егъэджэныгъэ

ФІыкІэ я цІэ къраІуэ

Санкт-Петербург щеІуэкІащ «Кьэкіуэнум и школ» фІэщыгъэм щІэт егъаджэныгъэ форум.

УРЫСЕЙМ и курыт еджапІэхэм зыужьыныгъэмрэ егъэджэныгъэ Іэмалхэм уэзыщрихьэлІэ зыхуэмыхъунуГъэхэмрэ кьызэрагъэпэща зэІущІэм жыджэру хэтащ Бахьсэн кьалэм дэт курыт еджапІэ №910-р.

«Гъэм и проект», «Илъэсым хэта Іуэхугъуэ гукъинэжкъэ», «Спортымкіэ ехъулІэныгъэ пьаГэ зиІэхэр» фІэщыгъэхэм щІэту унэтІыныгъэхэмкІэ школакІуэхэм я зэфІэкІ пьаныкъуэ зыбжанэкІэ ягъэпьагъэщ.

Мы форумым хиубыда «Урысейм и еджапІэ нэхъыфІу 100» зыфІаща кІэух зэхъуэзэхэм ди республикэм щыщу хэта еджакІуэхэм щагъэльэгъуэ зэфІэкІым кьыпэкІуэ лауреат зэрыхъуамкІэ щытхъу тхылъхэр ятащ. ЕджапІэм и унафэщІ Кьанбийкъуэ Маритэ «2013 гъэм и директор» бгъэгу дамыгъэмкІэ и цІэ къраІуащ.

ДЖАТЭЖЬКЪУЭ Диана,
Бахьсэн дэт курыт еджапІэ №10-м и еджакІуэ.

Дунейм и республикэхэм

Гъатхэ лэжьыгъэхэм зыхуагъэхьэзыр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм щенІуэкІащ гъатхэ-губгъуэ лэжьыгъэхэр кьызэрэпщыныжьмкІэ штабым и зэІущІэ.***

МИНИСТЕРСТВЭМ зэпыщІэныгъэ зыхуэпІэ Іуэхущіапіэхэм, КъШР-м и район администрацэхэм зыхуэзэщІэмкІэ я кьудамэхэм я унафэщІхэр зыхэта зэІущІэм зыщытепсэлъыхьа Іуэхугъуэхэм ящыщщ мэкъумэшхэкІэм елэжьхэм кьэрал дэпэныкъуныгъэ ягъэутыныр. Абы папщІэ федеральнэ бюджетым кьыкьэкІыу республикэм сом мелуан 30,5-рэ кьыІэрыхьащ.

Іулъхьэм фІы кьишэркъым

КъШР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м и лэжьакІуэм Іулъхьэ кьызэрыІихэм кьыхэкІыу сом мин 760-рэ япшынэну хуагъэуващ.

Мелуан 20 хухах

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Інтащхьэ Тхьэкіумынэ Асльэнджэрий Адыгейм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Хьуажь Нуриет лэжьыгъэ Іуэхуэкіэ Іуащіащ.***

ПСАЛЪЭМАКЪЫР нэхъ зытрагъэщІар школ егъэджакІуэхэм я улахуэм хэгъэхъуэнырщ. Иужьрей ильэсищІым Адыгейм кьэралым, республикэм я бюджетхэм кьызэхэІуэ егъэджэныгъэр егъэфІэкІуэным сом мелуан 730-рэ щытрагъэкІуэдащ. Школхэр зыхуей хуагъэзащ, мылькукІэ иринкъуу кьызэрагъэпэщащ, кьуажэ жыжьхэхэм кьыкІ сабийхэр транспорткІэ еджапІэм ирашалІэ. 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлІэу федеральнэ центрым зэреджэну тхылъхэр кьэралым щІэуэ щафэзыхунущ. Кьызэрыкагъэщащи, а тхылъхэр кьэщэхуным Адыгейм сом мелуан 20 хухихынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

СУДЫМ зэриубзыхуамкІэ, полицэм и лэжьакІуэм хабзэр кьызэпызыудам сом мин 30 Іулъхьэу кьыІихащ, шофер тхылъымрэ автомашинэр зэратхамкІэ дэфтэрымрэ зэрыритыжам кьыхэкІыу.

● ЗэIущIэхэр

Участковэхэм я лэжьыгъэм кърикIуахэр зэхалъхьэж

Къэрал кIэщI Iуэхуэхмкlэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и генерал-лейтенант Васильев Сергей полицэм и участковэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэм теухуа зэIущIэ иджыблагъэ иригъэжIуэкIащ. Абы кьрихьэлIащ ведомствэм и кьулыкъу, Iэнатlэ пэрытхэм я унафэщIхэр.

КъБР-мкIэ МВД-м жылагъуэ шынагъуэншагъэр кьыззэгъэпэщыныжмкIэ полицэм и унафэщIым и кIуэдзэ **Кlэрэф Роберт** и кьэпсэльэныгъэр триухуащ участковэ уполномоченнэхэмкIэ кьулыкъымрэ балигъ мыхьуахэм я Iуэхуэхмкlэ Iэнатlэмрэ я лэжьыгъэм кьрикIуахэм. Абы кьыззэрыхигъэщащ, щIэпхъаджагъэхэр кьыззэпыудыным, ахэр сэтей кьэщIыным, административнэ хабзэм ебэжьуамэ кьыщIэгъэщыныр икIи апхуэдэ кьэмыгъэхъуным я лъэныкъуэкIэ участковэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэр иригъэфIэкIуэныр кьайхьулIащ. Кlэрэф Роберт зэрыжиIамкlэ, республикэм щалажьа щIэпхъаджагъэхэу сэтей кьащIэхэм еплIанэр зыпльысыр участковэхэращ. ЩIэпхъаджагъэ хьэлъэу, хьэлъэ дыдэу полицэм и участковэ уполномоченнэхэм кьыщIагъэщам процент 28-кIэ хэхьуащ. Цыхьухэм зыкьызэрыкьагъаз зэхпльэнымкIэ лэжьыгъэщхэу зэфIахащ, тхьэусыхафэр кьыхэльхьэныгъэу процентш 10-кIэ нэхьыбэ зэпыкрахащ.

Республикэм и участковэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэм игъуэта зыужьныныгъэм щытепсэльхьыным, полицэм и унафэщIым и кьуэдзэм зэфIэхьи хуейуэ кьапэщIыгъ гуэрыгъуэ зыгъэгъуащ. Налшык кьалэм полицэм и участковэ Iэнатlэ 22-рэ щIэщи, абы кьэм ящыщу езым и хэщIапIэ зиIэр 7 кьудейщ. Участковэ пунктитIым республикэм и кьалащхьэм пэщ щыхуэхьным и Iуэхуэм ящ итщ, арщхьэкIэ Кэнжэ, Хьэсэней жылагъуэхэм участковэхэр щыIэныр иджыри ящыхьуакьым.

Васильев Сергей полицэм и участковэ уполномоченнэхэм министерствэм и лэжьыгъэм хуащI хэлъхьэныгъэм гулъытэ льагъэ хуищащ, цыхуэхэм пщыIэныгъэ нэхъыбэ хуаIэн зэрэхуейм я унафэщIхэм гу лъаригъэтащ. КьыщыжьмыщIауэ кьыхигъащащ къэрал кIуэщI Iуэхуэхмкlэ органхэм я лэжьыгъэр цыхуэхэм кьызэралытыр псом ящэ я участковэ уполномоченнэм и кьалэныр зэрагъэзащIэм кьрикIуахэр арауэ зэрыщытыр.

Министерствэм жэуап зыхь и унафэщIхэм кьалэн ящищащ кьуажэ щыпIэхэм я участковэ уполномоченнэхэр лэжьапIэкIэ зэхьуэжэнымкlэ щыIэ Iэмалым хэпльэну. Абы кьыхихъэщхьэхIащ егъэщIылIа щIыпIэм щыпсэу хабзэхьумэм и кьалэныр нэхьыфIу зэригъэзащIэр.

УАРДЭ Жансурэт.

ЩIышылъэм и кIэухым Налшык щекIуэкIа «СтIол хъурей» ди щIалэгъуэхэр щIэпхъаджагъэм дмы-хьэхьи папщIэ зэфIэгъэкIыихъэхэм и гугъу щащIащ.

ЗэIущIэм и кьызэгъэпэщакIуэ, КъБР-м ХьыбарегъащIэ Iуэхуэ(ЩапIэхэмкlэ, жылагъуэ, дин зэгуэхьныгъэхэмкlэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщI Щыбзыхьуэ Залым и псалъэхэм кьыхигъэщащ щIалэгъуалэ радикализмэм и гъабжьэр 90 гъэхэм кьыщежьу кьызэрильытэр.

- Ди щIалэгъуалэр тэмакъкIэщIщ, кьемыхьулIэIамэ, и хъуреягъыр абыкIэ егъэкьуанщэ, абдеж радикализмэм и кьуэпсэхэр кьыщIожь. Псори дыззгухьу ди щIалэгъуалэм дадэIэпыкьун хуейщ, - жиIащ Шыбзыхьуэм.

«Стратегия» щIэныгъэкъэхутакIуэ Iуэхуэщапlэм и унафэщI **Бещто Аслъэн** кьыззэрильытэмкlэ, диным и гъусэу ди щIыхьэм хьэрыл хабзэхэр кьрагъэщтэну яужь итщ. Абы зэрыжиIэмкlэ, нужьрей зэманым ди республикэм кьыщыхьу псори кьуэхьапIэ (европей) цивилизацэмрэ кьуэкIыпIэ (хьэрыл) цивилизацэмрэ я зэпэщIэувэныгъэщ.

- А зэпэщIэувэныгъэм диныр Iэмэпсымэ щыхьащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы и кууагъри и бгъуагъри зымыщIэ ныбжьыщIэм сытри щIэх дыдэу и фIэщ пхущIыпнуц, - жиIащ Бещтом.

Абы кьызэрильытэмкlэ, лъэпкъым захъумэжьын папщIэ Конституцэм зэритым тету динымрэ кьэралымрэ зэпэщхьэхуэу щыпхъэпхъащ. Апхуэдэуи Бещтом жиIащ диндыкабдзэм и зэранигъэ мы Iуэхуэм зэрыхэмыльтыр, лажьэ зиIэр ар щыIуантIэхэращ залымыгъэм хуэзыгъакIуэхэращи, абыхъэм Iэмал кьахъэгъуэтыпхъэщ.

«Уи унагъуэм - мамыригъэ жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и тхьэмадэ **Шыбзыхьуэ Сафудин** и псалъэхэм кьыхихьащ: ди республикэм щыIэ бзаджащIэхэм зыгуэрхэр ядэмыIэпыкьутэмэ, ахэр зэрымыбзэгъуэнур. «Псом хуэмыдэу бзаджащIэхэм Бахъсэн куейм щIэныгъэкъуэныгъэ щагъуэт. А щыпIэращ вахабитхэр нэхъыбэу зэрысри», - жиIащ абы.

«Союз Чернобль» жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и тхьамадэ **Кучмезов Алий** адэ-анэхэм я пщэ дэпъ кьаIэнхэмрэ жэуапIныгъэмрэ я гугъу ящIащ. Абы кьыззэрильытэмкlэ, зи бын вахъабитхэм хьэхъуэ я адэ-анэращ жэуап зыхьыхьн хуейр.

«Зыужьныныгъэ» жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и унафэщI **Кьыщыкъуэ Иринэ** кьыщыпсалъэм кьыхихьэщащ щыхуэхэм я унагъэ, я щхьэ тешыныхьуэр щIэпхъаджащIэхэм ядэIэпыкьун хуей зэрыхьур. Абы кьызэрильытэмкlэ, щIалэгъуалэр апхуэдэ Iуэхуэхэм зэрыдрагъэхьэх щыкIэр кьэхутапхъэщ. «Узым и кьежьапIэр кьэдмыщIэмэ, ар тхуэгъэхъужьынукъым». Кьыщыкъуэм зэрыжиIэмкlэ, экстремизмэмрэ радикализмэмрэ пэщIэтыныр кьэралым и кьалэн нэхъыщхьащ. «Ди ныбжьыщIэхэр зыхуейр кьэтщIэфрэ абыхъэм жаIэр зэхэтхьу зедгъэсапхъэщ, иджыри кьэс абыхъэм я Iуэху епIыкIэр кьыщагъэльэгъуэн утыкурэ Iэмалрэ яIакъым, апхуэдэ утыкур хуиту жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэм кьаухэзгъэупэщынут», - кьыхихьащащ Иринэ.

Баллъкъэр лъэпкъым и «Алан» жылагъуэ зэгуэхьныгъэм хэт **Жабоев Джэбрэил** ваххабизмэм гкIийуэ пщIэтыпхъэщ кьелыытэ.

- Иджыблагъэ лъэпкъ зэхуэс диIати, Жабоевэх кьащIэхьуэ щIэблэр щIэпхъаджащIэхэм дамышхьын папщIэ жэуапныгъэр ди пщэ зэрыдэтIтхъхьэкIмкlэ псалъэ ттащ. Лъэпкъым нэхъыбэ хэтхэуэ диIэщи, жьыми щIэми абы пщIэ хуащI, фIэлIыкIи пIащ. Кьызэпытэтэ ар куэдым щапхъэ яхуэхъупхъэу», - жиIащ Джэбрэилэ.

КъБР-м ис мусльмэнэхэм я Iуэхущапlэм и унафэщIым и кьэздза **Сыжажь Алим** зэрыжиIэмкlэ, щIалэгъуалэм куэдрэ уащыстепсэльыхьын, ахэр щIэбубын ябгъэдэтлкьым. ЩIэблэ хьарзынэ дызэрилъэр, республикэм ит школхэм кIуэурэ зригъэщIыхуа щIалэгъуалэр дыщэм хуэдэу кьыззэрильытэри и псалъэм дыщIигъужащ.

«Сэ ныбжьыщIэхэм сыхьэтищ-плIыкIэ саущыбгъэдэс кьохъу, ауэ абыхъэм яжесIэр кькьрIэн еджэн, нэмэз ящыIн хуейуэ. Дэ дытопсэльыхь адэ-анэм зэрахущытыпхъэм, щIэныгъэ зэбгъэгъуэным, щIыхь пэсу упсэун зэрыхуейм», - жиIащ Сыжажэм. Абы кьызэрильытэмкlэ, нэхъыжьхъэр нэхъыщIэхэм щапхъэ зэрахуэхъун хьэл-щэныфэ лэжьэкIэмрэщ псом я щхьэр.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

● Налшык

Нэхъыжьхэмрэ жылагъуэ гъащIэмрэ

Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ, Iэщ1кIэ Зэщ1зуэз Къарумрэ хабзэхьумэ Iэнатlэхэмрэ я ветеранхэм я Налшык кьалэ Советым иригъэкIуэкIа зэIущIэм щыхэпльэжащ ильэс кIуам зэфIагъэжIа Iуэхуэхм. Апхуэдэу дызытехьа гъэм ялэжьын хуейуэ кьапащылъ кьалэнхэри яубыхущ.

ПЛЕНУМЫМ доклад щызыщIа, Советым и Iэтащхьэ Абдулаев Мустэфа уБгъуэуэ тепсэльхьащ кьалащхьэм и пощIащэ организацэхэм я зэхэткIэм, ильэс пIальэм кьриубыдау ахэр зэлэжьа унэтIныгъэхэм.

Кьыхэгъэщыпхъэщ, щIалэгъуалэм хэкупсэ гъэсэныгъэ тэмэм яхэлъхьэным теухуауэ Налшык кьыщызэрагъэпэщ дэтхэнэ зы Iуэхуми ветеранхэм я Советым и лIыкIуэжр жыджэру зэрыхэтар. Апхуэдэу абыхъэм гъэ псом я нэIэ тетащ щытыкIэ гугъу ихуа ветеранхэм. Абыхъэм сыт и лъэныкъуэкIи зэрызыщIакъуэм кьыщынэмыщIауэ, жылагъуэ гъащIэм зэрыкъащIэнуми я зэфIэкI ирахьэлIащ.

Хабзэ зэрыхьуауэ, ильэс къэс Советым иригъэкIуэкI ветеранхэм я пэщIэдзэ зэгуэхьныгъэхэм я зэпеуэ. Ди республикэм и социальнэ гъащIэр егъэфIэкIуэным, щIэблэм я гъэсэныгъэм, щIэныгъэр егъэфIэкIуэным теухуауэ псом нэхъыбэ нэхъ лэжьыгъэщхэр кьрахьэлIауэ кьалъытащ Бэрбэч Хьэтlутlэ и цIэр зезыхьэ Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ветеранхэм я организацэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м и Пенсэ фондым

Мазихым къриубыдэу

2014 гъэм щIышылъэм и 1-м щегъэжьауэ дунейм ехьжар щIэпхъаныжьмэ и Iуэхум сом 5002-рэ кIэщIенкIэ 16-рэ социальнэ ахъшэу хуэхъу. Ар щытыр дунейм ехьжа пенсионерым Iэнатlэ имыIамэщ.

ПОСОБИЕР и Iыхьлы гъунэгъум, лIыкIуэ хэкам е щIэпхъаныжьым пыщIа Iуэхугъуэхэр зэфIэкIыжьмэ ират. Абы папщIэ, пенсионерыр дунейм зэрехьжрэ мазих хьэхуэнкIэ Пенсэ фондым зыхуэгъазэ хьунущ. ЩIалъхьам и паспортыр, ар зэрыщымыIэжьымкlэ, Iэнатlэ зэрыIутамкlэ е дунеим щехьэжа мазэм ирихьэлIу лэжьыгъэ зэримыIамкlэ щцихьэт тхыгъэхэр яIыгъын хуейщ.

УФ-м и Пенсэ фондым и щIыналъэ къудамэм и пресс-Iуэхущапlэ.

Сабри ехьэлIа си гукъэкIыжхэр

● Фэеплъ

ЩIышылъэм и 28-м къыдэкIа «Адыгэ псалъэм» тетащ, ильэс 77 ныбжьым иэуэу дунейм ехьжа Келды Сабри теухуа тхыгъэ кIэщI. Газетым и лэжьакIуэхэм абыкIэ фIыщIэ ин яхуэсщIу, сыхуейт абы си гукъэкIыжхэмкlэ сыпыджэжыну.

КЕЛДЫ Сабри щеджащ Потребительскэ Кооперацэмкlэ Москва дэт дунейпсо мыхьэнэ зиIэ институтым икIи юрист Iэщ1агъэм иджыблэсыбзэмкlэ и кьудамэр кьнухащ. А зэманым абы дригъэщащ уэрысфэзкIэ еджэсу адыгишщI: ЩIэфхъуж Алик, Кьэрэщей Олег, Бжэней Iэминат (а псори Адыгейм щыщхэт), Чым Сультан, Жамбэч Мухьэмэд (Кьэрэщей-Шэрджэс), Ахъей Людэ, Ныбжьэ Марие, Бесчокъуэ Майс, Жанкъаий Тамарэ, Тэрчокъуэ Мухьэмэд (Кьэбэрдей-Балъкъэр) сымэ.

КьыщыщIыхуа махуэм кьыщыщIэдзауэ Сабри фIыуэ тлъагъащ. Адыгэ щэнрэ зыIыгъыкIэ дахэрэ бгъэдэлът, гуапэт, пэжт. Хьыджибзкэр псори - щыпхъу, щIалэхэр кьуэш ищIауэ кьытхэщащ. Апхуэдэу и щхьэгъуэм письмо кьыщыхутхэхэм, щыпхъуэхэми, пщыкъуэхэми сэлам схуеухьж жиIэурэ, дызыщыгуфIыкIыи тыгъэхэр кьытхуигъэхьу щытащ. Езы Сабри губгъэгъэт, гъэсат, апхуэдизкIэ хабзэр фIыуэ ищIэри, зи пхущигъэзунэтэкъым. Зыхуэмыдэрэ зыхимыщIыкIрэ гъуэтыгъуейт. Дэ унагъуэкIэ дызэкIэлыпкIуэрти, абы и щхьэгъуэ Сабихьэ сыти схуэхъурт - ани, щыпхъи, пщыпхъи. Ар ильэситхукIэ Сабри япэ ити дунейм ехьжащ, и бынунагъуэр я адэжь лъапсэм кьызэрапэжыфар, и хьэдащхьэр адыгэ хэкум зэрыщыщIалъхьэнум щыгуфIыкIыу.

Сабри и унагъуэр щыпсэур Хьэлэб кьалэщхъэр. 1971 гъэм Сабри Сирием кьикIыу, Москва щIэныгъэ щызригъэгъэтыну кьигъэкIуат, лъэкIыныгъэрэ мылъкуэр зыбгъэдэль и адэ Хьэсэн. А зэманым Сабри Сирием итщ зы щIэнагъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтауэ иIэт. Уеблэмэ, а къэралым и потребкооперацэм экономист, бухгалтер нэхъыщхьэ кьулыкъухэр кьыщрихьэлIэну хунэсыжат. ИпэкIэ кьызэрыкъэгъэщащи, унагъуэм ихуэкат. И щхьэгъуэ Сабихьэрэ езымрэ бынищ здэгаГъэтат: пхьууэ Динэмис, кьуэхэу Наурэсрэ Лоренсрэ.

И адэм Мэзкуу кьыщигъэкIуам ипщэ кьыдильхьат ильэсит 5 фIэкIа и мыныбжьу и адэшхуэ Талъостэн ибгына адэжь щIыналъэм кIуэжу, и Iыхьлыхэм я Iуэху зытет зригъэщIэну. А лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэрым нэгъэщI кьэралхэм кьикIыу зыри кьрагъэхьэртэкъым. Ауэ езы Сабри апхуэдизу и адэм и лъэIур игъэзэщIну хущIэкъурти, ди адыгэ щIалэхэм хуэпащащ и адэжь хэку кьихьэныр.

Келдым япэ щыкIэ визэ кьратащ Черкесск кIуэну хуиту. Жамбэч Мухьэмэд ар кьхъухьлъатэм кьригъэтIысхьэри, Минводы къэлэкIэм, щыпхъи, пщыпхъи. Ар ильэситхукIэ Сабри япэ ити дунейм ехьжащ, и бынунагъуэр я адэжь лъапсэм кьызэрапэжыфар, и хьэдащхьэр адыгэ хэкум зэрыщыщIалъхьэнум щыгуфIыкIыу.

Сабри и унагъуэр щыпсэур Хьэлэб кьалэщхъэр. 1971 гъэм Сабри Сирием кьикIыу, Москва щIэныгъэ щызригъэгъэтыну кьигъэкIуат, лъэкIыныгъэрэ мылъкуэр зыбгъэдэль и адэ Хьэсэн. А зэманым Сабри Сирием итщ зы щIэнагъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъэтауэ иIэт. Уеблэмэ, а къэралым и потребкооперацэм экономист, бухгалтер нэхъыщхьэ кьулыкъухэр кьыщрихьэлIэну хунэсыжат. ИпэкIэ кьызэрыкъэгъэщащи, унагъуэм ихуэкат. И щхьэгъуэ Сабихьэрэ езымрэ бынищ здэгаГъэтат: пхьууэ Динэмис, кьуэхэу Наурэсрэ Лоренсрэ.

И адэм Мэзкуу кьыщигъэкIуам ипщэ кьыдильхьат ильэсит 5 фIэкIа и мыныбжьу и адэшхуэ Талъостэн ибгына адэжь щIыналъэм кIуэжу, и Iыхьлыхэм я Iуэху зытет зригъэщIэну. А лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэрым нэгъэщI кьэралхэм кьикIыу зыри кьрагъэхьэртэкъым. Ауэ езы Сабри апхуэдизу и адэм и лъэIур игъэзэщIну хущIэкъурти, ди адыгэ щIалэхэм хуэпащащ и адэжь хэку кьихьэныр.

Келдым япэ щыкIэ визэ кьратащ Черкесск кIуэну хуиту. Жамбэч Мухьэмэд ар кьхъухьлъатэм кьригъэтIысхьэри, Минводы къэлэкIэм, щыпхъи, пщыпхъи. Абы Сабри кьыщыпэплъэрт Тэрчокъуэ Мухьэмэд. Абдеж такъсим кьыщитIысхьэри Черкесск кIуащ виэм ипкъ иткIэ, абы зыкьышащагъэльэгъуэн хуейт. Iуэхур зэрыгъэфIэкIыу Хьэбэзкlэ Чым Сультанхэ я деж. Абы пщIэшхуэ кьыхуащIу щагъэхьэщIа иужькIэ, псомэ зэгъусэу Черкесск кьагъэзэжри, зэрежьжымкIэ визэм Iэ кьытрагъэуэжащ. АдэкIэ ар щэхуу, такъикIэ Тэрчокъуэ Мухьэмэд и адэ Хьэсэнбий Псыгуэнсу хуэщащ.

Тэрчокъуэхэ хьэщIэ лъапIэм мэ хуаухкIауэ кьапэплъэу зэхэст. Нэху кьекIри, хьэщIэмэр бысымымрэ зэгъусэу Ерокъуэ кьуажэм кIуащ. Абдежщ Сабри и адэжь лъапсэр япэ щилъэгъуар. Тэрчокъуэхэ махуищкIэ щагъэхьэщIэри, Москва кIуэ мафIэгум Сабри ирагъэтIысхьажащ. Iуэхур псори кьызэрекIуэкIар абы и адэм хуитхыжат.

1972 гъэм Мэзкуу еджапIэ яхъушиухму Келдым Сирием щигъэзэжам и адэ Хьэсэн дунейм ехьжауэ ирихьэлIэжащ, ауэ Сабри здихьа хьыбарыфIхэмкIэ и адэшхуэ Талъостэн и псэр ахърэтым щигъэгуфIащ. ИгъэзэщIат абы адэмрэ адэшхуэмрэ я уэхтыр.

Урысейр щытыкIэ гугъуэм щихьа 1989 гъэм, Сабри и бынунагъуэр щIыгъуу, Кьэбэрдей-Балъкъэрым кьигъэзэжащ. МыбыкIэ щилъэгъуа бзылъхьэмкIи иIуэтэжауэ кьэпсэуащ, адыгэ унагъуэ дахэу, и бынхэм я быныжхэми кIэльыплIауэ. Хамэ щIыналъэ кIыхьу щыпсэуа цыхуэр и лъахэми и хэкуми зэреплъ, дауи, нэгъэщIущ: защитэщIыртэкъым абы кьыздигъэзэжа щIыналъэм и дахагъэм, пыжьбзэгъэпэж кьыхуэхьуа цыхуэхэм.

Кьыхэгъэщыпхъэу кьызолытэ, Келды Сабри Сирием коммунист партым, гъэпщIуауэ лажьэу щыщIа зэманми, хэту зэрыщытар.

Сирием ищIэнуэу щыщIа Сабри. А кьэралыгъэм и потребильскэ кооперацэм экономикэ, юриспруденцэ и лъэныкъуэкIэ абы хуэдэ ЩIагъэлIэ Iэзэ ямыIэу кьалытэгъэт. Ар зи жьауэм щIэт министерствэми и псалъэм кьару щиIэт. И адэ Хьэсэни щIыхь зиIэ зэжьакIуэу Сирием и полицэм кьулыкъу кьыщрихьэлIащ. Уеблэмэ, пенсэм кIуа нэужьи, Алеппо дэт тутнакъэщым и унафэщIу куэдэр щытащ.

Сабри и анэр ШэрэджэкIэ япхъэт. Льэпкъкlэ Хьэтуей щыщт. Сэ зэи сщыгъупщэнукъым абы и унагъуэм илъэ ямысымрэ адыгэ хабзэ ямысмрэ. Сыту фIыт, Келды Сабри хуэдэ адыгэ нэхьыбэ щIыналъэм кьагъэзэжамэ. Шэч хэльтэкъым аэр нобэрей ди гъащIэмрэ ди щIэблэмрэ гъуэзэ зэрахуэхьунум.

КЪУМЫКЪУ-ЖАНКЪАЗИЙ Тамарэ.

Адыгэ зауэлI.
Сурэтыр Орловский Александр *ищIащ. 1830 гъэ*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатэм я спискэу кьыхихьхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Токъмакъ Азик Нурхьэлий и къуэм етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм мазаем и 14-м *Налшык кьалэ* *№ 71/1-5*

Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кьыхилъха спискэм хэту хахам, и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщыхьащахам кьыхэкIыу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Iуэхукlэ» 2008 гъэм щыщхьэIум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 6-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатэм я спискэу кьыхихьхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Токъмакъ Азик Нурхьэлий и къуэм етыным и Iуэхущапlэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIиз сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и УнафэщI
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Токъмакъ Азик Нурхьэлий и къуэр тхыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм мазаем и 14-м *Налшык кьалэ* *№71/2-5*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхихьхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Токъмакъ Азик Нурхьэлий и къуэм етыным и Iуэхукlэ» 2008 гъэм щыщхьэIум и 8-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 3-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Токъмакъ Азик Нурхьэлий и къуэр тхыным и Iуэхущапlэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIиз сайтым илъхьэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат ятхам зэрыхахамкlэ удостоверенэр етын.

3. Мы унафэр цIыхубз хьыбарегъащIэ Iуэхущапlэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIиз сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и УнафэщI
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Савченкэ Наталье Вячеслав и пхъур тхыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм мазаем и 14-м *Налшык кьалэ* *№ 71/3-5*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Говоров Сергей Анатолий и къуэм, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кьыхилъха спискэм хэту хахам, и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщыхьащахам кьыхэкIыу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Iуэхукlэ» 2008 гъэм щыщхьэIум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 6-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар етын «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхихьхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Савченкэ Наталье Вячеслав и пхъур тхыным и Iуэхущапlэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIиз сайтым илъхьэн.

2. Мы унафэр цIыхубз хьыбарегъащIэ Iуэхущапlэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIиз сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и УнафэщI
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Савченкэ Наталье Вячеслав и пхъур тхыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм мазаем и 14-м *Налшык кьалэ* *№71/4-5*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхихьхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Савченкэ Наталье Вячеслав и пхъур тхыным и Iуэхущапlэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIиз сайтым илъхьэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат ятхам зэрыхахамкlэ удостоверенэр етын.

3. Мы унафэр цIыхубз хьыбарегъащIэ Iуэхущапlэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIиз сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и УнафэщI
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм кандидатхэм я спискэу кьыхихьхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Мамбэт Анзор Валерий и къуэм етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм мазаем и 14-м *Налшык кьалэ* *№ 71/5-5*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар етын «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм кандидатхэм я спискэу кьыхихьхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Мамбэт Анзор Валерий и къуэм (№12-рэ).

2. Мы унафэр цIыхубз хьыбарегъащIэ Iуэхущапlэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIиз сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и УнафэщI
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Мамбэт Анзор Валерий и къуэр тхыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм мазаем и 14-м *Налшык кьалэ* *№71/6-5*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм кандидатхэм я спискэу кьыхихьхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Мамбэт Анзор Валерий и къуэр тхыным и Iуэхукlэ» 2008 гъэм щыщхьэIум и 8-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 3-м тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Мамбэт Анзор Валерий и къуэр тхыным и Iуэхущапlэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIиз сайтым илъхьэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат ятхам зэрыхахамкlэ удостоверенэр етын.

3. Мы унафэр цIыхубз хьыбарегъащIэ Iуэхущапlэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIиз сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и УнафэщI
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

ЩЫуапсым и макъ

Тхыдэм игъэгъуэщакъым

● ЩЫпIэцIэхэр

Къуэбыдэ и щыгу тхыцIэхэм ящыц зы.

КъызыфlамыгъэIуэхуу икIи емылIэлIащэу щIыпIэщIэхэр щыз эрахъуэкI куэдрэ къэхъуми, апхуэдэ Iуэхугъуэхэр къыщекIуэкI щыналъхьи нэкьыкIэрэ иса лъэпкъым ящэм кьигъэсэбэну щыта фIэщыгъэхэм псэцIэ къыщыхьхьэжи щыIэщ.

ХХ ЛIЭЩЫГЪУЭМ и 30 гъэхэм Къухьэпlэ Кавказым и къуршыпlэ щыпlэхэр къызэкIикIухьаурэ щыташ щыпlапlпъэ-пъаэхэутэ цIэрыIуэ Ефремов Юрий. Зекlуэн зи щIасэ а лIым и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Тенджыз ФIыщIэ Iуфэм къеГъэщIыпlа бгыхэм япхрыкI IуафэгъуэхэмкIэ» («Тропами горного Черноморья») тхылъ гъуэзэджэр.

Ефремовыр щIыхьэт зэрыстехуэмкIэ, урыс пащтыхьым и Iуэхуэхэз Старк Александр Кьбаадэ ягъэ къыщыкIуар 1871 гъэращ. ИкIи, абы и пэжкIэ Тургенев щIэныгъэзэгъа урыс къуажэ щIыкIмрэ лIэщIыгъуэкIэрэ хуейр зыгъэдахэу кьеIуэкIа «шэрджас» уэздыгъешIухьтIым ящыщу, а зэманым нрихьалIэу иджыри къагъэуэну зыхуэнэмыса жьыгъжь закъуэмрэ кьиIуэгъуащ.

Абы нужькIэ, илъэс 11 дэкIауэ, 1882 гъэм Старк Александр етIуанэу Кьбаадэ къытригъэзаау щытащ. Пащтыхь Iуэхуэхьэм и Iуэгуанэ тхыгъэхэм щIыхэпlэжым, Ефремовым мыпхуэдэ псалъэхэр кьриджькIащ: «Урыс-Кавказ зауэр зэриуохам и щIыхькIэ, насыпыр кьытхуэзыхьа ма хуэшIхуэр щагъэльапlэм (зи гугъу ищIыр адыгэ-абазэщIыр псыхьыкIуэ зыбжанэкIэ кьыщIэзыIуэ урысыдэм и кьудамэхэр 1864 гъэм щызэрихьэлIэжкъуэ щыта Мдзымтэ псыхьуащхьэм, дзэ псоми я Iэтащхьэ джьинэзышIуэр Романов Михаил я пашэу, щагъэльэкIуэкIэ щыта зауэ парадтхьэпlэурыщ), абы хэтэ дзэпщхэр пlэуат зыщагъэбыда хуейм кьыщыIэнэхуну кьуажэщIэм, а щIыпIэр зи унафэкIэ кьаазуа Романов пащтыхьхэм я щIэкIэ, «Романовск-щIэр фIащыну.

Кьбаадэ щIыпIэм ижькIэрэ щIыпсэуа «мудэвей» абазэ жьлэм лъапсэрыхьыр кьыхуагъэкIуа нужькIэ, абдежым куэд дэмыкIыну кьыщыIэнэхущ щхьэтIысэ зыгъэта урыс сэлэтхэм я кьуажэ щыкIу. А зэманым а щIыпIэм исахэм «Романовск» щIэр иджыри кьагъэсэбэпу щытагъэнущ. Сыту жьпIэмэ, зи гугъу тщIы фIэщыгъэщIэр зэрагъэкIуэдыжам теухуа Старк тхыдэхэр щыщIидзар а щIыпIэм етIуанэу кьихьа нужькIэщ.

ИкIи абдежращ пащтыхь Iуэхуэхьэм кьыщилъэгъуар, Ставрополь краймкIэ кьрагъэIэпхъукIыу, Кавказ шытхымкIэ кьыщIхьэдагъэхьиу, Мдзымтэ псыхъуащхьэм кьыдагъэтIысхьа альиджхэр. Асыхьэтуи, Старк Александр зэхецIыхукI Iуеим зизыгъэзэгъа кьуажэ щыкIум «Романовск-» кIэ зэремыдджэкIри, «кьыздикIар кьыхуэмыщIэ» «Красная поляна» фIэщыгъэр а щIыпIэм щыпсэуэхэм «я фIэфIыпсу» кьыззырыраухэкIри.

А псом я гущIыIужу, пащтыхь Iуэхуэхьэр нэхъри нэхъзыгъэгъбжыр уардэ жыгIыу ящэм кьыщыкIуам зрихьэлIауэ щыта уэздыгъешIжь закъуэри а щIыпIэм зэримыгъажьм гу лъита нужькIэщ. И бампIэм ари къыфIыхохьэжри, хуэмышIэчыжу альиджхэр хьэм ирегъэхь: уафэр трегъэгъуагъуэ, щыблIэр ятрекъутэ: «ахэращ изыпущIыкIар, жыгым кьыхахьиу пхъэмкIэ я унэ фейщеIнэр къаIуIлIыхьин пащщIэ», - жеIэри.

Адыгэ-абазэ лъпкъ зэрыбыним я тхыдэм хуэнухуащи, Старк Александр кьиIыгъэрт, хуей цIэрыIуэр къэзыухъуреихь бгыхэм, щхьэдэхьпIэхэм, хьупIэхэм, мэзхэм, нэгъуэщI-кьинэмыщIхэми, Iэмал ямыIэу, урыс тхыдэм, щэнхабзэм кьиитэщI фIащыгъэхэм фIэкIа зэрахьэн хуэмейуэ. Абы кьыхэкIкIи, зи гугъу тщIы пащтыхь Iуэхуэхьэм адыгэхэм, убыххэм, абазэхэм къагъэсэбэпу щыта щIыпIэцIэхэр дунейм кьыззырыграгъэхьэжьыр хуабжьу и гум щIыхьауэ щытащ.

«Ар дауэ кьыззырыбгурыIуэнур!? - хьущIэрт ар, - Даховскыр - Сочэ, Святодуховскыр - Адлер хьужащ, Емыкъум кьыщынэжкъым! Лъахэхутэхэм, щIым и зэхэтыкIэр зыджхэм кьыщыщIэдзауэ, кьызэрыгуэкI щыпIапlпъэхэм я дежь щиухьажу, псыхэм, бгыхэм ящэм зэрахьэу щыта фIэщыгъэхэр кьахутэжу, дунейм кьыгъагъэхьэжьину хуущIокъу. Ар кьызэхахьмрэ абыкIэ фIыщIэу кьахьхьину зыщыгугъымрэ, пlъэкIмэ, уэ кьащIэI Епlть иджы абы дыдзыхуишам! Дэтхэнэ псоми, бгыми зэрахьэ хуей урысыдэкIым, щхъуэщыр къэзыгъэубэлэщIу, зыми кьемызэгъщI!»

Псалъэм папщIэ, пащтыхь Iуэхуэхьэм игу иримыхьу дунейм кьытрагъахьэжа щIэхэм ящыщщ Чугущ (ЧIыгъушь, кьэбзрдейхэм «щIы гущэ» жIэ мэхъу), Абаго (Абагъуэ - Iэбагъуэ, «Iэщыр щобагъуэ»), Тыбга (Тыбгы, тIыхэм я бгы, я Iуащхьэ) щIыпIащIэхэр, нэгъуэщIэри. «Абы щыгъуэми мы зи гугъу тщIы бгыхэм фIащыж хуеяр: Александр ЕтIуанэм, Михаил, щиухьэу Константинрэ Еленэрэ я цIэхэращ, - икIуэтыжьыхьэрэжьым Старк Александр.

«КIуэпIи-жапIи кьозымыт гупсысэкIэ мышущ! - зыхуихьынур ищIэркъым Ефремов Юрий. - Сыту ди насыпI, Старк зытешIухьа лъаэхэутэхэм хуэдэхэр а зэманым зэрыщыIари, абыхэм щрджас щIынапlэм кьина хэкуIлI закъуэтIакъуэхэр кьагъэутэжу, бгыхэм, кьуэладжхэм зэрахьэу щита цIэхэр кьрагъэIуэтэжу зэрыщытари!

Дапхуэдэу хьуамэ, хуей щIыпIэм къеГъэщIыпlа Iэгъуэблагъэм ит бгыхэр пащтыхь пlыхъуэпышIэхэрэмрэ щIыхь дымыщIыхуэмрэ я цIэхэм щIыхьуэ зэрыхьуам нобэ дыщIымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэ-къым. Ауэ, а псом кьыдэкIуэу, нэхъри ди гуапэ хьунт, Мдзымтэ псыхъуащхьэр ижькIэрэ зи хэщIапlэу кьекIуэкIа пlъэпкъыр а щIыпIэм зэреджэжу щыта Кьбаадэ щIэр нэрыгъаГъуу дунейм кьытрагъэхьажмэ.

ХЬЭТЫКЪУЭ Щауапщ.

Тхыдэм аддэ жьижьэу кьыщежьэ я къуэпсыжьхэмкIэ, адыгэхэрэ абхьаэхэмрэ (азгъэхэмрэ - адыгэхэр абхьазхэм мыпхуэдэуи йодмэ) зэрызэблагъэ гуэрэ-псэкIэ къозыгъащIэ хуэмэбжьымэхэм «жьк» кьыщыщIихуну махуэм сэ куэд щIауэ сыпэплъэрт.

АР ЗЭЗГЪЭХЬУЛIЭН папщIэ, лъэпкъыжьитIым кьыззэранэкIа тхыдэмрэ ижьижьыж лъандзрэ кьадекIуэкI хабзэ-бзыпхъэхэмрэ щыгъуаз захъэщI кьудейкIэ зэрызэфIэмыкIынурэ псэкIэ зыхъэщIэрт. Абы кьыдэкIуэуи, «Псэм и лъахэ» (аращ кьикIыр «Апсны» псалъэм абхьазыбзэкIэ) цIэр зыгъэщIыпкIэ щIынапlэм щыпсэу щIыхуэм я псэкупсэр зэхэозыгъащIэ нэщэнэхэм гу лъыптэныр а псом нэхъыщхьэжу щытыкIнкIэ зэрыхьунури кьызэгурыIуэрт.

Апхуэдэ гупсысэхэр сигущэм кьызэрыщыхьейрэ куэд щIатэкIыми, абыхэм тегъэщIапlэ щагъэуэтыну пlалъэм иджыри сыпlэIэщIэу кьысщыхьурт. Зэкlэ нэхъ кьызэкIуэрIыпlэ щIэныгъэ-адыгэхэм я лъахэмрэ абыхэм ятеухуа хьыбархэмрэ кьэзыгъуеинырт, сатетхыхьынырт. Ауэ щыхъуэкIи, гъэ блэкIам и хуабэгъуэ зэманым ирезгъэхьапlа си щыгъэгъуэгъуэ тхъэмахуитIыр кьэзгъэсэбэпу, Шапсыгъ щыналъэм си лъэм тIэкIу зыщIэгъуэкъуздиину мурад сщIат. Си анэщ кьуэшхэм апхуэдэ гукъыдэхэ сызэриIэр нэхъ пасэу ясIуэжкIати, япэхэмэ хуэдэу, си гъусэу гъуэгу ныздытехьэну абыхэм сащыгугъат. Арщхьэкlэ, зи гугъу сщIа пlалъэр кьыщыблагъэм, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм кьахэкIкIэ, щIалэхэр ныздежьэну зэрыхуэмыхьыхьэзырыр Iупщ къэхуауад.

«Тенджыз ФIыщIэ Iуфэм сэрэсэру си лъэр нэсхуг щхьэ мыхъурэ?» - жысIэри, бжьыхьэпэ маздм и пэщIэдзэу Абхьаз щIыналъэм сыкьыщыхуташ. Нэхъри, фи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, си быным я адэшхуэ Экlэ Январбий Сыхьум куэд щIауэ дэстI, ар кьыщIэздждэм, абы и деж сыкIуад. Абаз благъэр кьыщIсIущIэм кьысщыгуфIыкIащ, а пщьхьэщхьэмэ зэгъуэсэу дыздэщыщсад. КьыкIэлъыкIэ махуэм ар лэжьапlэ дэкIын хуейти, «ящу зэрыпlэпихым хуэдэ кьабзэу зыщIэгъэхэм фIэкIа зэрахьэн хуэмейуэ. Абы кьыкIэкIкIи, зи гугъу тщIы пащтыхь Iуэхуэхьэм адыгэхэм, убыххэм, абазэхэм кьагъэсэбэпу щыта щIыпIэцIэхэр дунейм кьызэрыграгъэхьэжьыр хуабжьу и гум щIыхьауэ щытащ.

«Ар дауэ кьызэрыбгурыIуэнур!? - хьущIэрт ар, - Даховскыр - Сочэ, Святодуховскыр - Адлер хьужащ, Емыкъум кьыщынэжкъым! Лъахэхутэхэм, щIым и зэхэтыкIэр зыджхэм кьыщыщIэдзауэ, кьызэрыгуэкI щыпIапlпъэхэм я дежь щиухьажу, псыхэм, бгыхэм ящэм зэрахьэу щыта фIэщыгъэхэр кьахутэжу, дунейм кьытрагъэхьэжьину хуущIокъу. Ар кьызэхахьмрэ абыкIэ фIыщIэу кьахьхьину зыщыгугъымрэ, пlъэкIмэ, уэ кьащIэI Епlть иджы абы дыдзыхуишам! Дэтхэнэ псоми, бгыми зэрахьэ хуей урысыдэкIым, щхъуэщыр къэзыгъэубэлэщIу, зыми кьемызэгъщI!»

Псалъэм папщIэ, пащтыхь Iуэхуэхьэм игу иримыхьу дунейм кьытрагъахьэжа щIэхэм ящыщщ Чугущ (ЧIыгъушь, кьэбзрдейхэм «щIы гущэ» жIэ мэхъу), Абаго (Абагъуэ - Iэбагъуэ, «Iэщыр щобагъуэ»), Тыбга (Тыбгы, тIыхэм я бгы, я Iуащхьэ) щIыпIащIэхэр, нэгъуэщIэри. «Абы щыгъуэми мы зи гугъу тщIы бгыхэм фIащыж хуеяр: Александр ЕтIуанэм, Михаил, щиухьэу Константинрэ Еленэрэ я цIэхэращ, - икIуэтыжьыхьэрэжьым Старк Александр.

«КIуэпIи-жапIи кьозымыт гупсысэкIэ мышущ! - зыхуихьынур ищIэркъым Ефремов Юрий. - Сыту ди насыпI, Старк зытешIухьа лъаэхэутэхэм хуэдэхэр а зэманым зэрыщыIари, абыхэм щрджас щIынапlэм кьина хэкуIлI закъуэтIакъуэхэр кьагъэутэжу, бгыхэм, кьуэладжхэм зэрахьэу щита цIэхэр кьрагъэIуэтэжу зэрыщытари!

Дапхуэдэу хьуамэ, хуей щIыпIэм къеГъэщIыпlа Iэгъуэблагъэм ит бгыхэр пащтыхь пlыхъуэпышIэхэрэмрэ щIыхь дымыщIыхуэмрэ я цIэхэм щIыхьуэ зэрыхьуам нобэ дыщIымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэ-къым. Ауэ, а псом кьыдэкIуэу, нэхъри ди гуапэ хьунт, Мдзымтэ псыхъуащхьэр ижькIэрэ зи хэщIапlэу кьекIуэкIа пlъэпкъыр а щIыпIэм зэреджэжу щыта Кьбаадэ щIэр нэрыгъаГъуу дунейм кьытрагъэхьажмэ.

ХЬЭТЫКЪУЭ Щауапщ.

● Абхъаз

Бзыбэ тIуащIэр къызэрытIущIар

Тенджыз Iуфэр - Сыхьум деж.

КъызыфlамыгъэIуэхуу икIи емылIэлIащэу щIыпIэцIэхэр щыз эрахъуэкI куэдрэ къэхъуми, апхуэдэ Iуэхугъуэхэр къыщекIуэкI щыналъэм ижькIэрэ иса лъэпкъым ящэм кьигъэсэбэну щыта фIэщыгъэхэм псэцIэ къыщыхьхьэжи щыIэщ.

ХХ ЛIЭЩЫГЪУЭМ и 30 гъэхэм Къухьэпlэ Кавказым и къуршыпlэ щыпlэхэр къызэкIикIухьаурэ щыташ щыпlапlпъэ-пъаэхэутэ цIэрыIуэр Ефремов Юрий. Зекlуэн зи щIасэ а лIым и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Тенджыз ФIыщIэ Iуфэм кьеГъэщIыпlа бгыхэм япхрыкI IуафэгъуэхэмкIэ» («Тропами горного Черноморья») тхылъ гъуэзэджэр.

Ефремовыр щIыхьэт зэрыстехуэмкIэ, урыс пащтыхьым и Iуэхуэхьэз Старк Александр Кьбаадэ япlэу кьыщыкIуар 1871 гъэращ. ИкIи, абы и пэжкIэ Тургенев щIэныгъэзэгъа урыс къуажэ щыкIмрэ лIэщIыгъуэкIэрэ хуейр щагъэдахэу кьекIуэкIа «шэрджас» уэздыгъешIухьтIым ящыщу, а зэманым ирихьалIэу иджыри къагъэуэну зыхуэнэмыса жьыгъжь закъуэмрэ кьиIуэгъуащ.

Абы нужькIэ, илъэс 11 дэкIауэ, 1882 гъэм Старк Александр етIуанэу Кьбаадэ къытригъэзаау щытащ. Пащтыхь Iуэхуэхьэм и Iуэгуанэ тхыгъэхэм щIыхэпlэжым, Ефремовым мыпхуэдэ псалъэхэр кьриджькIащ: «Урыс-Кавказ зауэр зэриуохам и щIыхькIэ, насыпыр кьытхуэзыхьа ма хуэшIхуэр щагъэльапlэм (зи гугъу ищIыр адыгэ-абазэщIыр псыхьыкIуэ зыбжанэкIэ кьыщIэзыIуэ урысыдэм и кьудамэхэр 1864 гъэм щызэрихьэлIэжкъуэ щыта Мдзымтэ псыхъуащхьэм, дзэ псоми я Iэтащхьэ джьинэзышIуэр Романов Михаил я пашэу, щагъэльэкIуэкIэ щыта зауэ парадтхьэпlэурыщ), абы хэтэ дзэпщхэр пlъэпкъ щыщIидзар а щIыпIэм етIуанэу кьихьа нужькIэщ.

ИкIи абдежращ пащтыхь Iуэхуэхьэм кьыщилъэгъуар, Ставрополь краймкIэ кьрагъэIэпхъукIыу, Кавказ шытхымкIэ кьыщIхьэдагъэхьиу, Мдзымтэ псыхъуащхьэм кьыдагъэтIысхьа альиджхэр. Асыхьэтуи, Старк Александр зэхецIыхукI Iуеим зизыгъэзэгъа кьуажэ щыкIум «Романовск-» кIэ зэремыдджэкIри, «кьыздикIар кьыхуэмыщIэ» «Красная поляна» фIэщыгъэр а щIыпIэм щыпсэуэхэм «я фIэфIыпсу» кьыззырыраухэкIри.

А псом я гущIыIужу, пащтыхь Iуэхуэхьэр нэхъри нэхъзыгъэгъбжыр уардэ жыгIыу ящэм кьыщыкIуам зрихьэлIауэ щыта уэздыгъешIжь закъуэри а щIыпIэм зэримыгъажьм гу лъита нужькIэщ. И бампIэм ари къыфIыхохьэжри, хуэмышIэчыжу альиджхэр хьэм ирегъэхь: уафэр трегъэгъуагъуэ, щыблIэр ятрекъутэ: «ахэращ изыпущIыкIар, жыгым кьыхахьиу пхъэмкIэ я унэ фейщеIнэр къаIуIлIыхьин пащщIэ», - жеIэри.

Адыгэ-абазэ лъпкъ зэрыбыним я тхыдэм хуэнухуащи, Старк Александр кьиIыгъэрт, хуей цIэрыIуэр къэзыухъуреихь бгыхэм, щхьэдэхьпIэхэм, хьупIэхэм, мэзхэм, нэгъуэщI-кьинэмыщIхэми, Iэмал ямыIэу, урыс тхыдэм, щэнхабзэм кьиитэщI фIащыгъэхэм фIэкIа зэрахьэн хуэмейуэ. Абы кьыкIэкIкIи, зи гугъу тщIы пащтыхь Iуэхуэхьэм адыгэхэм, убыххэм, абазэхэм кьагъэсэбэпу щыта щIыпIэцIэхэр дунейм кьызэрыграгъэхьэжьыр хуабжьу и гум щIыхьауэ щытащ.

«Ар дауэ кьызэрыбгурыIуэнур!? - хьущIэрт ар, - Даховскыр - Сочэ, Святодуховскыр - Адлер хьужащ, Емыкъум кьыщынэжкъым! Лъахэхутэхэм, щIым и зэхэтыкIэр зыджхэм кьыщыщIэдзауэ, кьызэрыгуэкI щыпIапlпъэхэм я дежь щиухьажу, псыхэм, бгыхэм ящэм зэрахьэу щыта фIэщыгъэхэр кьахутэжу, дунейм кьытрагъэхьэжьину хуущIокъу. Ар кьызэхахьмрэ абыкIэ фIыщIэу кьахьхьину зыщыгугъымрэ, пlъэкIмэ, уэ кьащIэI Епlть иджы абы дыдзыхуишам! Дэтхэнэ псоми, бгыми зэрахьэ хуей урысыдэкIым, щхъуэщыр къэзыгъэубэлэщIу, зыми кьемызэгъщI!»

Псалъэм папщIэ, пащтыхь Iуэхуэхьэм игу иримыхьу дунейм кьытрагъахьэжа щIэхэм ящыщщ Чугущ (ЧIыгъушь, кьэбзрдейхэм «щIы гущэ» жIэ мэхъу), Абаго (Абагъуэ - Iэбагъуэ, «Iэщыр щобагъуэ»), Тыбга (Тыбгы, тIыхэм я бгы, я Iуащхьэ) щIыпIащIэхэр, нэгъуэщIэри. «Абы щыгъуэми мы зи гугъу тщIы бгыхэм фIащыж хуеяр: Александр ЕтIуанэм, Михаил, щиухьэу Константинрэ Еленэрэ я цIэхэращ, - икIуэтыжьыхьэрэжьым Старк Александр.

«КIуэпIи-жапIи кьозымыт гупсысэкIэ мышущ! - зыхуихьынур ищIэркъым Ефремов Юрий. - Сыту ди насыпI, Старк зытешIухьа лъаэхэутэхэм хуэдэхэр а зэманым зэрыщыIари, абыхэм щрджас щIынапlэм кьина хэкуIлI закъуэтIакъуэхэр кьагъэутэжу, бгыхэм, кьуэладжхэм зэрахьэу щита цIэхэр кьрагъэIуэтэжу зэрыщытари!

Дапхуэдэу хьуамэ, хуей щIыпIэм къеГъэщIыпlа Iэгъуэблагъэм ит бгыхэр пащтыхь пlыхъуэпышIэхэрэмрэ щIыхь дымыщIыхуэмрэ я цIэхэм щIыхьуэ зэрыхьуам нобэ дыщIымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэ-къым. Ауэ, а псом кьыдэкIуэу, нэхъри ди гуапэ хьунт, Мдзымтэ псыхъуащхьэр ижькIэрэ зи хэщIапlэу кьекIуэкIа пlъэпкъыр а щIыпIэм зэреджэжу щыта Кьбаадэ щIэр нэрыгъаГъуу дунейм кьытрагъэхьажмэ.

ХЬЭТЫКЪУЭ Щауапщ.



Куршыпс уардэм и зы къуэпс.

Щыналъэм и зэхэлъыкIэр къэзыгъэлъагъуэхэр

Бгыжь - бгы дурэш зэв. *Бгыжьэм и лъабжьэр кIыхьу, кууэ щIэупщIыкIат. Ш.А.*

Губгъуэшэкъракъ - зыри щымыпсэу, къэкIыгъэ щIагъуи къыщымыкI губгъуэ нэщI.

Гуэпыщlэ - IуащхьитI зэхуакур зэпызыщIэ, уанэгум ещхь щы Iыхьэм, щыгу зиIэ щIыпIэ хэIэтыкIа зэпэгъунэгъуитIым я зэпыльпlэм апхуэдэу йоджэ. *«Игужь ипщэм къежэха шумрэ игужь ищхъэрэм къежэха мыщэмрэ гуэрпыщIэм щызэIущIащ».* Iуэрыlуата.

Гъуэдыдж - гъуэ, бгъуэнщIагъ куу. *Чей лъабжьэм и щIэм зы гъуэдыдж гуэр иIэт, унэмылпlыкIу.* Iуэрыlуата. *Ар зы махуэ гуэр зекIуэ къикIыжу къуршымкIэ къыщыщIхэдзхьжьым, зы гъуэдыдж гуэр IущIащ.* Ад, Iу.

Гъуэклау - гъуащхьэ куэд зиIэ щIыпIэ. *Iуащхьэ лъапэм iущымжьей, гъуэжлау Iуфэхэм убгъэдэмыкIэ.* «Iуащхьэмахуэ» журнал.

Гъуэфыльэ - Псыжь, Инжьыж псыхъуэхэм дэс адыгэхэм я дежь щIэзекIуэ псалъэщ. *I Уэх. ШIыхьуэм шы гуарэр IуащхьэжьитIым яблихури, гъуэфыльэм ириутIыщIхьащ.* Iуэрыlуата.

Дамэщ - мыри къэбэрдей хьэжрэтэмэрэ бесIэнэйхэмрэ я дежь щызекIуэ псалъэщ *I бгы, лъагапlэ сыт хуэдэхэм яIэу уэрихьапlэ дапхэ, занщIапlэ. Мажьу дыгъэ Iэтэшхуэхэр джабэ дамэщI щыкIухэм къоувэ.* «ПъэбакъуэщIэхэр».

ДэкIыней - узыдэкIыну гугъу. *Адрей бжьэпэхэр задэщ, дэкIынейщи, уи щхьэр врагъыу пхудэх къудейщ.* «Iуащхьэмахуэ» журнал.

Жьанэ - къуэладжэр щызэхуэкIуэжк, щхьэ-щхьэ. *Iуащхьэт, къущхъэ жьанэм дыщатIыхуат, Дэ дикъэзэшIыхуГъэри дыщIжI унагъэути, ар мэунэ.* Iуэрыlуата.

УЭЛДЖЫР Заур.

● ГъэщIэгъуэнщ

Псы псалъэм и зэтепщIыпщIэкIэ

КIаХэ адыгэбзэм хэтщ, **«псы»**-р зи лъабжьэ, абы кьыгтепщIыкIа, дз, къэбзэрдейхэми, гурыIуэгъуафIэ тщыхьуну псалъэхэр. Кьапщтэмэ, апхуэдэщ **«псыбыбы»**, **«псыкьепэпхэ»** - псыкъелъэ; **«псыгу»** - псыку; **«псыгъэхъун»** - псы зэхуакуу ит хьупlэ; **«псыкIей»** - псы зыдэт тIуащIэ, къуэладжэ; **«псыкхуаIэ»** (щапсыгъ) - псы хьэлъагъуэ, псы кIаитIэ; **«псылъахъэ»**, **«псылхьырз»** - архьуанэ, псым зыщрилъэнтIыхь щIыпlэ; **«псылъэкъ»** - псы зытезыгъуфафэ, къуэпсыбзу зэбгрыкь псы; **«псынакIэ»** (шапсыгъ) - псынэм кьытепщIыкIыжа псыхьэлыгъуэ; **«псыутI»** - зызымыгъэхьей, и пlэ имыкI псы, **«псыхэ»** - псы ежьхьи и кIэух; **«псыlу»** - псы IуэгъуэщIэри.

МАХУЭКЪУЭ Заурбэч.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар КЪУМАХУЭ Асльэнщ.

Щыналъэм и зэхэлъыкIэр къэзыгъэлъагъуэхэр

Бгыжь - бгы дурэш зэв. *Бгыжьэм и лъабжьэр кIыхьу, кууэ щIэупщIыкIат. Ш.А.*

Губгъуэшэкъракъ - зыри щымыпсэу, къэкIыгъэ щIагъуи къыщымыкI губгъуэ нэщI.

Гуэпыщlэ - IуащхьитI зэхуакур зэпызыщIэ, уанэгум ещхь щы Iыхьэм, щыгу зиIэ щIыпIэ хэIэтыкIа зэпэгъунэгъуитIым я зэпыльпlэм апхуэдэу йоджэ. *«Игужь ипщэм къежэха шумрэ игужь ищхъэрэм къежэха мыщэмрэ гуэрпыщIэм щызэIущIащ».* Iуэрыlуата.

Гъуэдыдж - гъуэ, бгъуэнщIагъ куу. *Чей лъабжьэм и щIэм зы гъуэдыдж гуэр иIэт, унэмылпlыкIу.* Iуэрыlуата. *Ар зы махуэ гуэр зекIуэ къикIыжу къуршымкIэ къыщыщIхэдзхьжьым, зы гъуэдыдж гуэр IущIащ.* Ад, Iу.

Гъуэклау - гъуащхьэ куэд зиIэ щIыпIэ. *Iуащхьэ лъапэм iущымжьей, гъуэжлау Iуфэхэм убгъэдэмыкIэ.* «Iуащхьэмахуэ» журнал.

Гъуэфыльэ - Псыжь, Инжьыж псыхъуэхэм дэс адыгэхэм я дежь щIэзекIуэ псалъэщ. *I Уэх. ШIыхьуэм шы гуарэр IуащхьэжьитIым яблихури, гъуэфыльэм ириутIыщIхьащ.* Iуэрыlуата.

Дамэщ - мыри къэбэрдей хьэжрэтэмэрэ бесIэнэйхэмрэ я дежь щIэзекIуэ псалъэщ *I бгы, лъагапlэ сыт хуэдэхэм яIэу уэрихьапlэ дапхэ, занщIапlэ. Мажьу дыгъэ Iэтэшхуэхэр джабэ дамэщI щыкIухэм къоувэ.* «ПъэбакъуэщIэхэр».

ДэкIыней - узыдэкIыну гугъу. *Адрей бжьэпэхэр задэщ, дэкIынейщи, уи щхьэр врагъыу пхудэх къудейщ.* «Iуащхьэмахуэ» журнал.

Жьанэ - къуэладжэр щызэхуэкIуэжк, щхьэ-щхьэ. *Iуащхьэт, къущхъэ жьанэм дыщатIыхуат, Дэ дикъэзэшIыхуГъэри дыщIжI унагъэути, ар мэунэ.* Iуэрыlуата.

УЭЛДЖЫР Заур.

● ГъэщIэгъуэнщ

Псы псалъэм и зэтепщIыпщIэкIэ

КIаХэ адыгэбзэм хэтщ, **«псы»**-р зи лъабжьэ, абы кьыгтепщIыкIа, дз, къэбзэрдейхэми, гурыIуэгъуафIэ тщыхьуну псалъэхэр. Кьапщтэмэ, апхуэдэщ **«псыбыбы»**, **«псыкьепэпхэ»** - псыкъелъэ; **«псыгу»** - псыку; **«псыгъэхъун»** - псы зэхуакуу ит хьупlэ; **«псыкIей»** - псы зыдэт тIуащIэ, къуэладжэ; **«псыкхуаIэ»** (щапсыгъ) - псы хьэлъагъуэ, псы кIаитIэ; **«псылъахъэ»**, **«псылхьырз»** - архьуанэ, псым зыщрилъэнтIыхь щIыпlэ; **«псылъэкъ»** - псы зытезыгъуфафэ, къуэпсыбзу зэбгрыкь псы; **«псынакIэ»** (шапсыгъ) - псынэм кьытепщIыкIыжа псыхьэлыгъуэ; **«псыутI»** - зызымыгъэхьей, и пlэ имыкI псы, **«псыхэ»** - псы ежьхьи и кIэух; **«псыlу»** - псы IуэгъуэщIэри.

МАХУЭКЪУЭ Заурбэч.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар КЪУМАХУЭ Асльэнщ.

Гоби губгъуэшэкъракъым и щIэин

● Телъыджэ

Монголием и щIыпIэ нэхъ телъыджэ дыдэхэм ящыщщ дунейм псом цIэрыIуэ щыхьуа, Гоби къумым хиубыдэ Немегету ГъэщIэр. Ар, щыпсэм кьыхэкIа фIэкIа умышIну, щхьэхуэкIэпlлъыкIагъэ гъэшIэгъуэщIэхэр щытепщIэ, нэхумрэ кIыфIымрэ щызэзджэгу, кьурш уардэ гуэдахуэхэм я лъахэ, бгы зэхуакуэр дэзыгъэхьIа къуэладжэ куущ. Губгъуэшэкъракъым щIыхьуэр щIыдихьхьар абы иГэ тепlэ дахэм и закъуэкъым, атIэ а щIыпIэр эмакъжьэм дунейм тета псэущхьэ абрагъуэхэм - динозаврхэм - ноби я кхъахълъжьку зэрыщытырщ.

НЕМЕГЕТУ кьегъэщIыпlа тафэр зыпхызыгъэмбыкIа къуакIэбгыкIэхэм ирижэу щыта псыщхьэхэм я Iуфэхэм, адэкIэ-мыдэкIэ губгъуэжьым зизыуфдгъуэ хьжьхэ́м я Iэгъуэблагъэхэм, абыхэм я щIымыжьжьэу щытащIэкIэжа мэз Iувхэм кьыщащхьэу щытащ, щыпсэ нэхъ щынагъуэу дыдэми узыщIымыхьхьэ, Iэкlытлъэпкъкlэ благъэу теплъэ зиIэ, щхьэуэ яфIэтхэмкIэ зэхуэмыдэ, фэIувыжькъэбырыбыжар зи щэпlэудз, кьитхъым хуэдэу Iэбжьанэжьхэр зэрызыгъэкIэщIэжьхэ́м я щIымыльэжьхэм.

Дунейр зи инагъ «шынджрхьоужьхэр» езыр-езыру щызэзуэжи къэхъуат. ЩIыпI лэжьыгъэхэр езыгъэкIуэкIхэм кьагъэуташ, зэманми имыпхъэхьажу телъыджэ жьжьэу хуэма хуэа, щызэфIэнэм зэрыфыщIурэ зи псэхэр эздыжкIа диназаврITIым я хьэдэкъупщхьэхэр.

ПсэущхьитIыр щызэпапlъыхьым, щIэныгъэлIхэм зэхатэкIащ Iуэхуэр кьызэрекIуэкIа щIыкIэр. Удэрэ къэкIыгъэрэ фIэкIа зыIуэмыгъахуэ, диназавр зэрамыщIэжым лыр зи мыхъэмышх хьэщхьэрыIуэ нэхъ щIыкIум Iэпкlъпlэкъыжу щIэмкIэ зытригъэуIуриящ. Мыдрей и лъабжьэм къыщIэхутари, нэгъуэщI Iэмал кьыщыхуэмыгъэутыжым, кьыдэпхъэуейри, и дзэпкьитIыр кьыщхьэщытым и щхьэм хиуIалащ. АбыкIи кьыIэщIэмыкIыжьыфыну кьыщIыхьри, мо гужьем, кьызэрыдэлъэпIэстхъэ и кIэбдз лъакъуитIымкIэ, кьытегупlам и ныбэр зэгуитхьаIэ, абы дэкIуэу зыпlэIэса и тхыцIэри зэпиудащ. Псэущхьэ абрагъуэжьитIыр, зэрыхуа псэзэпlъхьэпlэм кьыщимыкIыжьфым, Iэпlлэ мыухьжьр зэхуащIа фIэкIа умышIну, зэкIэрынаеу кьанэри, тIуми я псэхэр зыщызыраупсэм щыхькIащ.

Динозаврхэм я хьэдэ кьыщыхьхэр щIыкIы хьурейм и щIыпIэ къудым кьыщыIогъуэ зэтпи. Гоби къумым и кхъэхалъэжьым инагъкIэ хуэбгъэдэн ящхьэрэ кьыкьэжIакъым. Абы метр зэбгъуэнатIэу 1000-м щIигъум зытригуэшш. ГъэщIэгъэнэкъэжащ щIэныгъэлIхэр зэхуэмыдэ, кьызэрыгуэкI благъуэхэми я жеIэуапIэу щытащ. Абы и щыкIэ хьэпщхуэрыкIэ кьыдэкIуэ, кьызэрыгуэкI благъуэхэм я хьэпщхуэрыкIэ щыIэ зыгъэзыщхьым. Абыхэм ящыщщ метр 20 зи лъагагъ «немеговар» хьэщхьэмыльэкъэр. Ар Немегету губгъуэшэкъракъым кьыззырыщагъэтаращ апхуэдэдэ щIыкIэрихьэм и щIыхь усыгъэр. Мы щIыпIэм итар динозаврхэм я закъуэжьым, атIэ а зэман жьжьэм псэуа щIыльэгухэми, щындырхъуохэми, кьызэрыгуэкI благъуэхэм я кьупщхьэ кьагъэутыжахэр щызэрагъапщэм, щIэныгъэлIхэм гу лъатащ ахэр

Адэжь щIыналъэм и налкутхэр

Апхуэдэ фIэщыгъэ иIэу зэхьэзэхуэ гъэщIэгъуэн иджыблагъэ щекIуэкIащ Налшык дэт Гуманитар-техникэ колледжым. Ар тегъэщIауэ щытащ ижь-ижьыж льандэрэ ди адэжьхэм кьадекIуэкI льэпкь Iуэрыйуатэмрэ ди хабзэ дахэхэмрэ щIэблэм егъэщIэным, я бзэр яIуриIуу, кьызыхэкIа льэпкым хуэфащэу, хэкупсэу гъэсэным, Iуэху щхьэпэр кьызэзыгъэпэщар КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэI, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм и нэIэ щIэту лажьэ Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я зэфIэкIым зыщрагъэжьэ Iуэхущ1ап1эрщ.

ЗЭПЕУЭР Iыхъэ зыбжанэу зэхэтащ. «Кавказым ис льэпкъхэм я хьуГуэфIыгъуэ» ятIэ Iыхьэм ныбжьыщIэхэр усэ къыщеджащ, уэрэд щыжIащ, къызыхэкIа льэпкым теухуа хьыбар хьэлэмэтхэм зэрящIыгъуаэри наIуэ къащIащ. ЕтIуанэ Iыхьэр сценэм хуагъэхьэзыра теплъэгъуэхэрт. Зэпеуэм хэтахэм Iуэрыйуатэм, псы-сэхэм хэт лIыхъужьхэм я хьэлIщныр, я лIыгъэр, я зэфIэкIыр ди нэгу кьыззрящIагъэуэным хущIэкъуащ. Апхуэдэущ Сэтэней гуащэ, Мэлэчыпхъу, Iэдиикъ, Дахэнагъуэ, Сосрыкъуэ, Бэдынокьуэ, Псэбыдэ, мэзым щIэс псэущхьэхэм ятеухуауэ щыIэ псысэхэм кьытращIыкIа теплъэгъуэхэр. Хуабжьу удихьэхырт кьыкIэлыкIуэ Iыхьэмэ. Абы студентхэм щыдагъэлъэгъуауэ льэпкъ джэгуIэхэр: кIэныр кьагъэфащ, бэнэкIэ зэхуэмыдэхэр утыкум щагъэлъэгъуащ, жанэхэрхыр ягъэжащ, дэхэр кьахьэхуащ.

НыбжьыщIэхэм я зэфIэкIыр кьапщытэну зэхьэзэхуэм зыкьрагъэхьэлIащ УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, тхакIуэ, усакIуэ **Хьэту Петр**, КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм и лъэныкъуэ **Нэгъуэт Анетэ**, УФ-м щэнхабзэмкIэ щыхъ зиI э и лэжьакIуэ **Безрокъуэ Еленэ**, «Барс-рокъуэ Еленэ». - Мы Iуэху дахэр теухуащ щэнхабзэм и гъэм. Апхуэдэуи фигу кьэзгъэкIыжьмэ сыхуейт 2014 гъэр ди республикэм КIыщокъуэ Алим и илъэсу зэрыщIабжьыр. Дышогугъ гъэр тхуэгугъурлыну, ди льэпкъ хабзэ дахэхэр кьыдэщIэрэщIэжыну, ныбжьыщIэхэм я бзэмрэ я хабзэмрэ фIыуэ щыгъуазэу кьэгъуэгурыкIуэну. Мы зэпеуэр КъБР-м и еджапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щедгъэкIуэжащ икIи абы кьыхэжаныкIахэр ноб3 мыбдеж щызэхуэсащ. Сэ кьызолытэ ди адэжьхэм кьытхуагъэна щIэныр тхуымэн, ди бынхэм, абыхэм я быныкъхэм ар едгъэщIэжыным дыхущIэкъун хуейуэ. Абы я лъэныкъуэкIэ мыпхуэдэ зэIущIэхэр зэхэшэным мыхьэнэщхуэ иIэщ.

Льэпкъ щэнхабзэм фIыуэ зэрыщыгъуаз3м, я анэдэлъхубзэр зэрыкъулейм, я тхыдэр жьыжь кьызэрыщежьэм, льэпкъ фащэхэм я гуакIуагъэр щыпльагъу зэпеуэм хэтащ КъБР-м и кьалэ, район зэмылIэужьыгъуэхэм я колледжкъ лицейуэ 11-м я лIыкIуэхэр.

Дэтхэнэ гупим фIыкIэ зыкьыззэригъэлъэгъуэным хущIэкъурт. Апхуэдэу абыхэм зэхуахьэсат пасэрей хьэпшIэхэр, Iэщэ-фащэ екIуэхэр, адыгэ фащхэр, льэпкъ шхьныгъуэхэр ящэфIат.

А псоми къэпщытакIуэхэр хэтIыхьэжри, кьалытащ зэпеуэм хэта дэтхэнэ еджапIэми лэжьыгъэщхуэ зэрызэфахар, жьыдэжру зыкьызэрагъэльэгъуар икIи псоми лауреат цIэр уигъэфэщащ. ЕджакIуэхэрэ я мызакъуэу, егъэджакIуэхэри зэхьэзэхуэм хэтащ. Абыхэм ягъэхьэзырат зи гугъу ящIуэхум теухуа методикэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр, зыхиубыдэ щIыпIэм щыщ цIыху цIыкIуэхэр кьызыхэщ теплъэгъуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Зэпеуэр дахэу икIи гукъинэжу ирагъэкIуэкIащ Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я зэфIэкIым зыщрагъэжьэ Iуэхущ1ап1эм и унафэщIым и гъэсэнхэм.

ТАБЫЩ Динарэ.

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Адыгэбзэм фрипсалъэ

Сэ шу лъагъуэр зэпызмычу,
ГъущI гъуэгуфIым сытехьакъым,
Адыгэбзэр зэзмыгъащIэу,
Урысыбзэр щIэн сльэкIакъым.

КIыщокъуэ Алим.

Адыгэ щыпсэу дэтхэнэ зы щIыналъэмэ хуэдэу, ди республикэмэ щекIуэкIащ Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэм теухуа зэхьэзхэр. Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал институтым и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор ХьэкIуащэ Мадинэ ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зезыхьэНыбжьыщ1эхэм я республикэ библиотекэм щаIущIащ Налшык къалэм и курыт школ №29-м и 5-нэ классхэм щеджэ цIыкIуэхэмрэ абыхэм адыгэбзэмкIэ я егъэджакIуэ Сомгъур Мадинэрэ.

ЗЭХЫХЬЭР иригъэкIуэкIащ библиотекэм и лэжьакIуэ **Щоджэн Зарэмэ.** Абы ныбжьыщIэхэм ягу кьиргъэкIыжащ 1999 гъэм ЮНЕСКО-м анэдэлъхубзэхэр хуэмэным теухуа унафэ щхьэхуэ кьызэриштар, 2000 гъэ льандэрэ а махуэр къэрал куэдым зэрыщагъэлъапIэр, я бзэр хъума хъун, абы зиужьын папщIэ, дэтхэнэми кьылыс кьалэныр игъэзащIэным кьыхуриджэжу.

- Ди республикэм мы махуэхэм бзэм теухуауэ щекIуэкI зэIущIэхэр хуэгъэпсащ щIыпIэм щыпсэу дэтхэнэ зы лъэпкъми и анэдэлъхубзэм и дахагъэр, кьулеягъэр, зэфIэкIыр зыхеГъэщIэным. КIуэдыжьынкIэ шынагъуэу кьалытахэм адыгэбзэр зэрыхабжэрэ гулыытэ нэхьыбэ хуэныкьуэ хьуащ. Араущ зытеухуар махуэшхуэм ирихьэлIэу дгъэхьэзыра тхьылъ дапхъэр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, бзэм, псальэм мыхьэнэ им яIэщ. Абы дыхуэсакьыну, едгъэфIэкIуэну дэтхэнэми ди пщэ кьыдохуэу, - жиIащ Щоджэн Зарэмэ.

ХьэкIуащэ Мадинэ еджакIуэхэм яжриIащ анэдэлъхубзэм мыхьэнэ ин зэриIэм, бзэр зэращIэм льэпкъ хабзэр зэрагъэзащIэми зыкъомкIэ зэрепльытам, адыгэбзэм и диалектхэр 12 зэрыхъум, абы щыщу къэбэрдеймрэ кIэмыргуеймрэ литературэбзэу зэрагъэувам. Апхуэдэу кьытеувыIащ инджылызыбзэм дуней псом зэрызыщIубгъуэм и зэран нэгъуэщIыбзэхэм, кьапщтэмэ, Кавказ Ищхьэрэм и льэпкъыбзэхэм зэрекIым, зи цIыху бжьыгъэр нэхъ мащIэ льэпкъхэм я бзэхэм ягъуэт гулыытэм зэрыхэщIым.

Мадинэ цIыкIухэм яхэупщIыхьащ 2000 гъэм щыщIэдзауэ анэдэлъхубзэм и махуэр щIагъэлъапIэр, адыгэбзэр щIаджын хуей щхьэусыгъуэхэр дауэ кьагурыIуэми, нэгъуэщI льэпкъхэм щыщхэр кьащыхэскIэ адыгэбзэкIэ псэлъэну кьеэзгъыу кьалъытэрэ кьамыльэтэрэ.

Адыгэм и тхыдэ напэкIуэцIхэм, XIX лIэщIыгъуэм льэпкъым и щхьэм кьрикIуэ гуэзвэгъуэм, Урыс-Кавказ зауэм и зэранкIэ ди льэпкъэгъу цIыху мелуани 5-м нэблагъэ Тыркум, Иорданием, Сириием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, кIэщIу жьIпIэмэ дуней псом щикIыхьа зэрыхъуам ныбжьыщIэхэр хигъэгъуэзащ ХьэкIуащэм.

- Илъэсищэм щIигъуэкIэ екIуэкIа зауэм ныбхэкIыу адыгэхэм я Хэку-анэм - Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм - кьиныкэр мащIэщ. Ауэ, ахэр зэкъуегъэувэ льэпкъ хабзэм, Iуэрыйуатэм, бзэм, щэнхабзэм.

Мадинэ еджакIуэхэм чэнджэщ яритащ ди Iуэрыйуатэ кьулейм зыщагъэгъуэзэну, адыгэ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я тхыгъэхэм еджану, адыгэбзэкIэ зэрадзэкIаяу щIэпсэхэм («Мылыпъэ лъэхъэнэ», «Шрек», «Рапунцель», нэгъуэщIхэми), льэпкъыбзэкIэ екIуэкI теленэтынхэм еплъыну, анэдэлъхубзэм нэхьыбзэрэ ирипсалъэну. «Гуапэщ, - жиIащ Мадинэ, - ныбжьыщIэхэр Iэмал имыIэу зэджэн хуей тхьылъищэм УФ-м и Президент Путин Владимир «Нартхэр» зэрыкиГъэхьар. Зэпеуэр кьызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ яхуищIри, библиотекэм ириташ и Iэдакъэ кьыщIэкIа «Дорога домой» романыр.

АдыгэбзэкIэ гъэхуауэ усэ кьеджащ Бэдракъ Залым, Абрэдж Марат, Тэркочуэ Мухьэмэд, Щоджэнщыкъу Лилие, нэгъуэщIхэри.

ТЕКIУЖЬ Зарет э.

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

●Хъуэхъу

Тэрч къалэ щыщ Товэ Лидэ Алихьан и пхъур къыщалъхуа махуэщи, дохъуэхъу!

Фыуэ тлъагъу, пщIэ зыхуэтщI нэхъыжьыфI Iумахуэм, анэм я нэхъ Iэфым, анэшхуэ гумащIэм уи махуэшхуэмкIэ дынохъуэхъу! Уи псэм и нэхур кьытхэпсэу, псэхэлъхьэж утхуэхъуу, чэнджэщъгъуфIу удиIэщи, уи узынщагъэ мыкIуэщIу, гуауэм упэIащIэу, дэрэжьгъуэр уи бэу, унагъуэ жьэгур мыужьыхьыу тхуэпхъумэу, иджыри куэдрэ укъытщхьащытыну, гъащIэ кIыхь къэбгъэщIну Тхьэм жиIэ!

Уи бынхэр, къуэрылъху-пхъурылъхухэр, уи къуэмрэ нысэмрэ, унпхъуэхэмрэ мальхьэхэмрэ, уи Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

«Псынэр» зи хэщIапIэхэр

● Щэнхабзэ

Май районым щызэхэт «Псынэ» литературэ зэгухьэныгъэр кьызэрызэрагъэпэщ1рэ ильэсри 10 зэрырикуу ягъэлъапIащ. Ар щолажьэ район библиотекэм и хэщIапIэм.

ЩIЫПIэМ ис усакIуэхэмрэ творческэ гупхэмрэ зэхэзышэ мы зэгухьэныгъэм хэтхэм иужьрей илъэс зыбжанэм тхылъ купщIафIэхэр кьыдагъэкIащ. Абыхэм ящыщщ «Май щIыналъэм и пшэпльхэр», «Гум илъыну фэеплъ», «Пушкиным и жыгей льабжьэм», «Май щIыналъэм и псынэ», нэгъуэщIхэри. «Псынэм» и фIыгъэкIэ районым их тхакIуэхэм я Iэдакъэщ1кI нэхъыфIхэр сыт щыгъуи кьытохуэ «Литературная Кабардино-Балкария» журналым. Апхуэдэу ахэр ядолажьэ Нарткъалэ и «Эдельвейс» телеканалми.

Зэгухьэныгъэм и махуэр щигъэлъапIэм кьрагъэблагъэхэм яхэтащ егъэджакIуэхэр, мэкъумэшыщIэхэр, геологхэр, дохутырхэр, лэжьакIуэ кьызэрыгуэкIхэр. Мыбыхэм я дэтхэнэми лэжьыгъэ Iэнатlэ щхьэхуэ кьрахьэлIэ пэтми, псори зэрещанIэ кьалэмым кьарит дэрэжьгъуэм. Мы махуэм «Псынэм» и хьэщIакъэм яхэтащ Азербайджаным и тхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт Зарубин Владимир, РСФСР-м щIыхь зиI э и лэжьакIуэ, мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидат Яськов Георгий сымэ.

Гуапэщ литературэ зэгухьэныгъэм хэтхэм я Iэдакъэщ1кI нэхъыфIхэр зэхуэхьэсауэ тхылъ кьыдэгъэкIыныжмкIэ кьалэ администрацIэр кьаззрыдэлэпыкъур. Апхуэдэущ гуфIыкIыпхъэщ кьыдэкIуэтей щIэблэм дерс щхьэпэ кьызыхахьи тхыгъэ купщIафIэхэр зи Iэдакъэ кьыщIэкI цIыхуэхэр зэрыщыIэр.

ЖАНХЪУЭТ Зулэ.

● Гъэсэныгъэ

Дерс щхьэпэ

Бахъсэн къалэм дэт Сабий творчествэмкIэ унэм щылажьэ «Класс нэхъыжьхэм щеджэхэм я клубэ» м щекIуэкIащ кьыдэкIуэтей щIэблэм хэхупсэ гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэлъхьэным теухуа зэIущIэ.

КъБР-м и Дзэ комиссариатым и кьудамэхэу Бахъсэн, Дзэлыкъуэ районхэм щыIэхэм я унафэщI Къуэдз Артур хэту кьызэрагъэпэща мы Iуэхум щытепсэлъыхьащ хэхупсэ гъэсэныгъэм кьежьапIэ хуэхъу граждан жэуапныгъэм, Хэкумрэ лъахэмрэ ехьэлIауэ щIалэгъуалэм кьатехуэ кьалэнхэм, конституцIэ хабзэхэр гъэзэщIэным, нэгъуэщIхэми.

Центрым и лэжьакIуэхэмрэ Дзэ комиссариатым и лIыкIуэмрэ и гугъу ящIащ кьэралым и хэкупсэ нэсхэр гъэсэным зэран кьахуэхъу льэпощхьэпохэми: яэныкьуэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм цIыхуфэм и деж щызэльащIыс хьыбар мыхъумыщIэхэмрэ Iэужьыфl кьызыдэмыкIуэ нэтыныхэмрэ, хэщIапIэ и тхыдэм Iей и льэныкъуэкIэ халъхьэ зэхъуэкIыныгъэм, идеологие мыщхьэпэхэм.

ЗэIущIэр кьызэзыгъэпэщахэми, абы хэтахэми щIалэгъуалэм драгъэкIуэкIащ фIым хуэзущий псальэмакъ щхьэпэ икIи клубым хэт дэтхэнэри кьыхураджащ пэжым и тельхьэу, нэхъыжьхэм я жьIэм щIэтрэ, пщIэн хущIу, щапхъэ Iейхэм зыдрамытэхъэхъуу зэрыпсэуным, щIэныгъэкуу зэрызрагъэгъуэтыным. Апхуэдэу ныбжьыщIэхэм гурагъэIуащ ди льэпкъым и кьэкIуэнчр абыхэм я зэхэщIыкIымрэ я гупсысэ кьабзэмрэ ехьэлIауэ зэрыщытри.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Кьехъулакъым

Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и Iуэхущ1ап1эм и лэжьакIуэхэм кьэпыхьэуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым республикэм и щыхьэрым дэт уней льапсэхэм ящыщ зым щыдыгъуэну хэтар яубзыхуащ. Ар нэхъапэм апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэр зэрилъагъэкьам кьызэкIыу кьапэщIэхуэуэ щыта, илъэс 50 зи ныбжь кьалэдэсырщ.

УФ-м и УК-м и 108, 175, 158 статьхэм ямкIэ иткIэ, мызэ-мытIэу суд зытращIыхьауэ щыта цIыхухъур пластик щхьэгъуБжэр икъутэу унэм щыхьэну хэтащ. АрщхьэкIэ езым емылъыта щхьэусыгъуэхэм кьыхэкIыу, щIэпхъаджагъэр и кIэм нигъэсыну кьеХулIакъым.

Iуэхур зэхагъэкI.

БзаджащIэр къалыхъуэ

Мазаем и 18-м и жэщым илъэс 29-рэ зи ныбжь налшыкдэс цIыхубзым полицэм и Налшык къалэ управленэм зыхуигъэзащ. Щхьэусыгъуэр Iдарым и щIэр зезыхьэ уэрамым тету «Замир»-кIэ зэджэ щIалэм залымыгъэкIэ сом мини 10 и уасэ и телефоныр зэрыгъэрихарщ.

Къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэжьауэкIэм зэраубзыхуамкIэ, ар нэхъапэм суд зытращIыхьауэ щыта, илъэс 29-рэ хъу, ди щIыпIэм щыпсэу цIыхухъурщ.

БзаджащIэр зэрауфыбдыным яужь итщ. Уголовнэ Iуэху къалэтащ.

Сом мини 3-кIэ хэщIыныгъэ къритащ

Урысей МВД-м Шэрэдж куеймкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм къэлъыхьэныгъэхэр щрагъэжьауэкIым яубыдащ илъэс 22-рэ хъу налшыкдэсымрэ Аруан къуажэм щыпсэу абы и ныбжь щIалитIрэ. Абыхэм Аруан, Аушыджэр къуажэхэм я зэхуакум щIэ «ДНТ-Конструктор» жыг хадэ зэгухьэныгъэм сом 3000 и уасэ гъущI куэбжэхэр кьыщадыгъуауэ щэн хуащI.

Ядыгъуэр кьытрахащ. Iуэхур зэхагъэкI.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1ап1э.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудамэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудамэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудамэ), **Гъурыжь Мадинэ** (экуэн зыхь секретарь), **Исэтэн Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщIэныдж Замирэ, Хьэжыкьарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Иэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетым КъБР-м и Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьудамэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щIэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ1ап1эхэм ядолажьэныжьмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресымохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1ап1эм - 42-26-41; сурэттехьэ - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхущ1ап1эм и пэжагъыкIэ ахэр зытехьэм щхьэ жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпичынымкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хьэмэныжкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1ап1эм №И-0065-м щIэзу ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэжьыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къудамэ Дышэкl Сонэ, редактору Хьэжыкьарэ Алик, корректорэу Аф Тамарэ (4, 5, 6-нэ нап.), Пхытlыкl Аэмэт (1, 2, 3-нэ нап.). КомпьютерkIэ газетым и тепльэр ящIащ Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.766 ● Заказ №392

Сакъыныгъэм къыхураджэ

КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м гъэзэгум щынагъэзэщIу щызекIуэныр кьызэрэпщIыным гульытэ хуэщI. Хабзэхэм зэрыщымыгъуаз3м кьыхэкIыу сабийхэр гъэзэгуэкIыу щрагъэгуэтэрэхэм щыхьэхуэ кьохъу. Ахэр рулым дэсхэмэ, льэсырыкIуэхэмэ ягъэуэщIапхъэщ.

Сурэтыр **Мамий Руслан** *трихащ.*

ГИБДД-м и Гъэзэгуплъыр кьулыкъум и батальон щхьэхуэм и жэрдэмкIэ щынагъэзэщIащ хуэзыгъэгъуэгум кьытехьащ. Къэбэрдейр Урысейм зэрыхьхэр илъэс 400 щрикъуэм. Абхъазым я утхэм Налшык къалэ школ №9-м и еджакIуэ щыкIуэм БкБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и ДПС-м и батальон щхьэхуэм и унафэщI Машэз Руслан.

Сыхьэтым кьриубыдэу гуеплъэ зиIэ саугъэтхэр гъэзэгурыкIуэхэм хуагъэщащ. Гулытэнщэуи зыри кьэнакъым.

- Гъэзэгум тегъэзэгъэныгъэм дыкьыхуэсыдж3 сабийхэр плъагъуныр гуапэщ. ИпжжыпIэкIэ гъэзэгум зым адрейм пщIэ щыхуищIын, хуэсакъын хуейщ. Псом хумыдэу сабий щыкIуэхэмрэ зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ гулыытэ хэха яхуэщIыпхъащ, - жиIащ шоферхэм ящыщ зым.

ГИБДД-м и лэжьакIуэхэр щогугъ сабийхэм кьабгъэдэкI псальэр дэтхэнэ шоферми зыщыщIэну, нэфу рулым дгъIысхьэн е светофор плъыжьыр кьызэрыблэр уэзм ищIу щIихьауэ блэжьын ипэкIэ, автомашинэр зезыгъакIуэм щогугъ «Шофер, си гъащIэр хъум» зи сабийхэр зэрызыхуагъазэр я гум нэсыну.

УАРДЭ Жантиэ.